**O`ZBEKÌSTAN RESPUBLÌKASI’**
**XALI’Q BÌLÌMLENDÌRÌW MÌNÌSTRLÌGÌ’**

**A`JÌNÌYAZ ATÌ’NDAG`I NO`KÌS MA`MLEKETLÌK**
**PEDAGOGÌKALIQ ÌNSTÌTUTI’**

**Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`teti**
**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**4 a kurs pitkeriwshisi Qutli’muratova Ulzadani’n`**

**«Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w»** degen temadag`i’

# PÌTKERÌW QA`NÌGELÌK JUMI’S’I

**Kafedra basli’g`i’:** **f.i.k. M. Qurbanov**
**Ìlimiy basshi’:** **f.i.k. S.Shi’nnazarova**

**No`kis-2015**

**Jaqlawg`a ruxsat berildi.**

Fakul`tet dekani': f.i.k.Ye.Allanazarov

Kafedra basli'g`i': f.i.k.M.Qurbanov

Ìlimiy basshi': f.i.k.S.Shi'nnazarova

**Tema**: «Uli'wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani' woqi'ti'w» atli' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'n jazi'wshi' Qutli'muratova Ulzada

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi'ni'n` qarari':

«Uli'wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani' woqi'ti'w» degen temadag`i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na _______ bahasi' qoyi'lsi'n.

MAK basli'g`i': __________________________

MAK ag`zalari': _________________________

# Tema: Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w

## Joba:

**Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’**

**Kirisiw**

**I Bap. Qaraqalpaq tili orfografiyasi’ni’n’ qa’liplesiwi**

1.1. G`a`rezsizlik ji’llari’na shekemgi qaraqalpaq jazi’wi’

1.2. G`a`rezsizlik ji’llari’nda qaraqalpaq jazi’wi’ndag`i’ wo`zgerisler ha`m woni’n` wori’nlani’wi’

**II Bap. Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w jollari’.**

2.1.Woqi’wshi’larg’a qaraqalpaq tili orfografiyasi’ni’n` principlerin tu’sindiriw

2.2. Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w ma`seleleri

**Juwmaq**

Paydalani’lg’an a’debiyatlar

Qosi’mshalar

## Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’

**Temani’n’ aktualli’g’i’:** Qaraqalpaq tiline ma’mleketlik til biyligi beriliwi menen woni’ ilimiy bag’darda izertlewde, jazi’wi’nda bir qatar wo’zgerisler ju’zege keldi. Ana tildi Prezidentimiz İ.A.Karimov ma’na’wiyatti’n’ din, a’debiyat, milliy qadiriyatlar qatari’nda u’lken ayri’qsha wo’lshemlerdin’ biri yekenligin belgilep ko’rsetedi. [1]

Demek, ana til – ha’r bir xali’qti’n’, millettin’ milliy wo’zgesheliklerin ko’rsetetug’i’n ko’rsetkishi. Ma’mleketlik tilimiz, bul boyi’nsha imla qa’delerin turaqlasti’ri’w ma’selesi usi’ tilde awi’zeki ha’m jazba tu’rde pikir ali’si’wlar ushi’n duri’s so’ylew, sawatli’ jaza ali’wdi’n’ tiykarg’i’ wo’lshemi boli’p tabi’ladi’.

Til iliminde jazi’w ma’seleleri, woni’n’ principleri, imla qag’i’ydalari’ woni’n’ qaraqalpaq tiline ta’n, basqa tillerden wo’zgeshelenip turatug’i’n belgilerin ashi’p ko’rsetiw lingvistikada izertleniwi tiyis mashqalalardi’n’ birine aylanbaqta.

Bakalavr pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ temasi’ Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w metodikasi’ yag’ni’y usi’nday aktual ma’selege arnaldi’. Sebebi tema qaraqalpaq til biliminde arnawli’ tu’rde izertlenbedi. Qaraqalpaq tilinin’ ma’mleketlik til si’pati’nda wori’nlani’w ma’seleleri, imla qag’i’ydalari’, haqqi’nda uli’wmali’q ko’lemde g’ana so’z yetilgenligi sanawli’ g’ana miynetlerde, soni’n’ ishinde ilimiy maqalalarda so’z yetilgenligin ushi’ratami’z. Ma’mleketimizdin’ du’nya ju’zi arenasi’nda rawajlang’an ma’mleketlerdin’ jazi’wi’n u’yreniw, wolardi’n’ qolayli’ ha’riplerin basshi’li’qqa ali’w ma’selesi, soni’n’ ishinde, lati’n a’lipbesine jan’a wo’zgerisler yengizilip ati’rg’an bir da’wirde ma’mleketlik til haqqi’nda ni’zamni’n’ wori’nlani’w ma’selesi yele de teren’irek u’yreniw, izertlew isi temani’n’ aktual mashqalalar qamti’ytug’i’nli’g’i’n ko’rsetedi.

[1] Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat - engilmas kuch. T.2008 y. 17-bet.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’:** İzertlew jumi’si’ wo’z aldi’na qoyg’an maqset ha’m wazi’ypalari’ boyi’nsha to’mendegilerdi wo’z ishine aladi’:

- Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ rawajlani’w basqi’shlari’ haqqi’nda so’z ju’ritiw;

- Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an imla qag’i’ydalari’n buri’ng’i’ imla qag’i’ydalarg’a sali’sti’ri’p, wo’zgerisli ta’replerin ashi’w, oni’ uli’wma bilim beriw mekteplerinde u’yretiw;

- Bilimlendiriw tarawi’nda ma’mleketlik tillerdin’ wori’nlani’wi’;

- Qaraqalpaq imlasi’ni’n’ principleri woni’n’ ha’zirgi ku’ndegi wo’zgerisleri, sebeplerin ani’qlaw;

- Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w ma`seleleri si’yaqli’ wazi’ypalardi’ wo’z ishine aladi’.

**İzertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’:** Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda Respublikami’zda ma’mleketlik til haqqi’nda ni’zamni’n’ wori’nlani’wi’, imla qag’i’ydalari’ndag’i’ wo’zgerisler birinshi ret izertlew obyekti yetip ali’ndi’. Bul boyi’nsha wo’z analizlerimizden kelip shi’g’i’p imla qag’i’ydalari’ndag’i’ bir qatar wo’zgerisler ani’qlandi’.

**İzertlewdegi derekleri ha’m usi’llari’**: Jumi’sti’ jazi’wg’a qaraqalpaq tilinin’ fonetikasi’, orfografiyasi’, orfoepiyasi’ boyi’nsha miynetler, joqari’ woqi’w wori’nlari’na arnalg’an sabaqli’qlar, baspa so’zde ja’riyalang’an ilimiy maqalalar, lati’n a’lipbesine tiykarlang’an qaraqalpaq jazi’wi’ boyi’nsha ilimpazlardi’n’ pikir ha’m usi’ni’slari’ basshi’li’qqa ali’ndi’.

Soni’n’ menen qatar, tu’rkiy tillerde imla ma’seleleri, ma’mleketlik tiller haqqi’ndag’i’ jazi’lg’an ilimiy teoriyali’q dereklerden paydalandi’q. İzertlew usi’llari’nan sali’sti’rmali’, sali’sti’rmali’-tariyxi’y, si’patlama metodlari’ qollani’ldi’. İmla qag’i’ydalari’, lati’n grafikasi’na tiykarlang’an a’lipbedegi wo’zgerisler, woni’n’ qollani’li’wi’ ha’r ta’repleme u’yrenildi.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’:** Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ woni’n’ uli’wma si’patlamasi’nan, kirisiw bo’liminen, tiykarg’i’ bo’limnen u’sh baptan, baplar

bir neshe bo’limlerden turadi’. Jumi’sti’n’ son’i’nda juwmaq ha’m woni’ jazi’wda paydalang’an teoriyali’q a’debiyatlar diziminen ibarat. Ko’lemi 53 betten ibarat.

## KÌRÌSÌW

Qaraqalpaq tili tu’rkiy tilles xali’qlardi’n’ ishinde wo’z fonetikali’q sistemasi’, grammatikasi’ ha’m wog’an tiykarlang’an orfografiyasi’ menen wo’zgeshelenip turatug’i’n til.

Ha’r qanday tildin’ rawajlani’wi’, wo’mir su’riwi, qa’liplesip, jetilisip bari’wi’ woni’n’ a’lipbesi menen de baylani’sli’. yeger qaraqalpaq tilinin’ jazi’w ma’selesin du’nya tilleri menen sali’sti’ri’p qarag’ani’mi’zda wol seslik jazi’wg’a tiykarlang’an til yekenligi bizge ma’lim. Bul haqqi’nda ilimpazlar ha’zirgi ku’nde du’nya ju’zinde jazi’w sistemaslari’ni’n’ 4 topari’ atap ko’rsetedi.

1. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jazi’w sistemalari’. Bul jazi’wdan du’nya xalqi’ni’n’ 30% ten arti’g’i’ paydalanadi’.

2. Slavyan-kirillitsa. Bul jazi’w tu’rinen paydalani’wshi’lar du’nya xalqi’ni’n’ 10% tin quraydi’.

3. Arab jazi’wi’. Bul jazi’wdan du’nya xali’qlari’ni’n’ 10% ten arti’g’i’ paydalanadi’.

4. Hind buwi'n jazi'wi'. Bul jazi'wdan du'nya xali'qlari'ni'n' 20% ti paydalanadi'.[1]

Demek, qaraqalpaq tili – 1-toparg'a yag'ni'y lati'n jazi'wi' sistemalari' topari'na kiretug'i'n tillerden biri.

Al til ha'm jazi'w ma'selesi - biri yekinshisinen toli'qti'ratug'i'n bir tutas ug'i'm. Qaraqalpaq tilinin' jazi'wi' imla ma'selelerin bir qatar ilimpazlardi'n' miynetlerinde ko'riwimizge boladi'. Mi'sali': akademik A.Da'wletovti'n'[2] 1993-1995-1999-ji'llarda ja'riyalang'an monografiya-lari'nda da imla ma'seleleri ja'n-jaqlama so'z yetiledi. Sonday-aq M.Da'wletovti'n'[3] ilimiy maqalalari'nda da usi' ma'seleler haqqi'nda bildirgen ilimiy ko'z-qaraslari' menen tani'si'wi'mi'zg'a boladi'.

1989-ji'li' qaraqalpaq tili boyi'nsha til ni'zami' ja'riyalani'p, qaraqalpaq tiline ma'mleketlik til biyligi berilgen bolsa, usi' da'wirden baslap bu'gingi ku'nge shekem til ni'zami'ni'n' wori'nlawi'nda bir qansha mashqalalardi'n' bar yekenligi sezilip turadi'. Bilimlendiriwde mektepke shekemgi ta'rbiya ma'kemeleri, uli'wma bilim beretug'i'n, worta arnawli' ha'm joqari' woqi'w wori'nlari'nda, g'alaba xabar qurallari', baspaso'z

---

[1] Yuldashev I., Sharipova O. Tilshunoslik asoslari. Toshkent, «Iqtisod-Moliya» 2007, 72-bet.

[2] Da`wletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` seslik du`zilisi. No`kis, 1995; Qaraqalpaq tilinde singarmonizm. No`kis, 1993; Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No`kis, 1999.

[3] Da`wletov M. Qaraqalpaq orfografiyasinin` principleri. No`kis. O`zRIAQQB Xabarshisi. 2002, №1-2 san, 100-109-betler.

arqali’ xali’qqa qaraqalpaq tilin u’yreniw jazi’wdi’ jetilistiriw ma’selelerinde bir qatar jumi’slardi’n’ wo’z sheshimin ku’tip turg’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Mi’sali’, D.S.Nasi’rov ha’m A.Bekbergenov-lar ta’repinen 1989-ji’li’ baspada ja’riyalang’an qaraqalpaq til bilimi boyi’nsha a’debiyatlardi’n’ ko’rsetkishinde de qaraqalpaq tilinin’ jazi’wi’, orfografiyasi’ ma’seleleri boyi’nsha til biliminde basi’p wo’tilgen u’lken tariyxi’y joldi’ an’laymi’z. Ko’rsetkishte K.Abdimuratovti’n’ «Jergilikli geografiyali’q atamalardi’n’ transkripciyasi’ ha’m orfografiyasi’ ma’selesi» (1966j), Q.Ayi’mbetovti’n’ «Qaraqalpaq tili orfografiyasi’ni’n’ jan’a proyekti» (1935), P.Allashovti’n’ «Orfografiya boyi’nsha menin’ pikirim», Q.Baynazarov «Bizge turaqli’ alfavit ha’m orfografiya kerek» (1962), Q.Ayi’mbetov, U.Kojurov «Rus grafikasi’ tiykari’nda qaraqalpaq jan’a alfavitinin’ proekti» si’yaqli’ di’qqat awdararli’q mazmundag’i’ pikirler ja’mlengen maqalalarda ushi’ratami’z. Bul wo’z gezeginde qaraqalpaq tilinin’ ma’mleketlik til si’pati’nda qa’liplesiwi basqi’shlari’n, da’wirlerin, xalqi’mi’zdi’n’ qanday a’lipbelerden ha’m imla qag’i’ydalari’nan paydalang’anli’g’i’n biliwimizge boladi’.

Ma’mleketlik tillerdin’ wori’nlani’wi’ bari’si’nda joqari’da atap wo’tilgen ilimiy maqalalar menen birlikte 1992-ji’li’ No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’ ha’m qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’

birgelikte sho'lkemlestirgen (juwapli' redaktorlar: prof. Q.Qoshanov, prof.A.Najimov) «Tillerdin' wo'z-ara qatnaslari' jag'dayi'nda ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' grammatikasi'n ta'rtiplestiriw ma'seleleri» dep atalg'an ilimiy-a'meliy konferentsiya materiallari'nda da bir qatar ma'seleler so'z yetilgen yedi. Atap aytqanda, bul konferentsiyada til birliklerinen sanalg'an terminler (siyasiy terminler, siyasiy-ja'mietlik ha'm ekonomikali'q terminler, lingvistikali'q terminlerdi ta'rtipke keltiriw ma'seleleri, matematikali'q terminlerdi ta'rtipke keltiriw ma'seleleri, matematikali'q terminler, mektep turmi'si'na baylani'sli' ha'm t.b.) uli'wma terminologiya ma'seleleri, woni' turaqlasti'ri'w, wonda qaraqalpaq tilinin' orfografiyali'q qa'delerinin' turatug'i'n worni', salmag'i' jo'ninde bir qatar tezisler ha'm maqalalarda ilimpazlardi'n' pikir ha'm usi'ni'slari' bildirildi. Usi' konferenciyani'n' materiallari'ni'n' biri A.Da'wletov ha'm İ.Seytnazarovani'n' ilimiy maqalasi'nda da ma'mleketlik tillerdin' wori'nlani'wi' ma'selesinde to'mendegi pikirleri di'qqatqa i'layi'q. «Ko'pshilik du'nya tillerine, soni'n' ishinde qaraqalpaq tiline de buri'nnan sin'isip, qa'liplesip ketken fonetikali'q terminler ushi'rasadi'. Mi'sali': fonetika, fonema, fonologiya, orfografiya, orfoepiya, singarmonizm, assimilyatsiya ha'm t.b. Bizin'she bunday terminlerdi qaraqalpaqshalap wo'zgertiwdin' keregi joq». [1]

---

[1] Da`wletov A., Seytnazarova I. «Qaraqalpaq tilinde ayirim fonetikaliq terminlerdin` jumsaliw

Haqi’yqati’nda da tilimizde tek lingvistikali’q terminler ma’selesinde g’ana yemes, al basqa tillik wo’zlestirmelerde paydalang’anda da wo’ni’n’ ekvivalenti ma’selesine imla qag’i’ydalari’ ko’z-qarasi’nan qarawi’mi’z tiyis.

Qaraqalpaq tiline ma’mleketlik til biyligine 25 ji’ldan aslam waqi’t bolg’an bolsa, woni’n’ wori’nlani’w ma’selesinde til iliminde arnawli’ tu’rde ilimiy izertlew jumi’slari’ni’n’ wori’nlani’wi’, woni’n’ joqari’da atap wo’tkenimiz si’yaqli’ uli’wmali’q bag’darda so’z yetiliwi temani’n’ ha’r ta’repleme izertleniwinin’ za’ru’rligin keltirip shi’g’aradi’. Sonli’qtan ma’mleketlik tillerdin’, soni’n’ ishinde ana tilimiz qaraqalpaq tilinin’ wori’nlani’w ma’selesi, woni’n’ jazi’wi’, orfografiyasi’ ma’seleleri u’lken a’hmiyetke ie ma’selelerden biri dep yesaplaymi’z.

---

o`zgeshelikleri», «Tillerdin` o`z-ara qatnaslari jag`dayinda ha`zirgi qaraqalpaq tilinin` terminologiyasin ta`rtiplestiriw ma`seleleri» konferentsiya tezisleri. No`kis, 1992, 21-23-bet.

## I Bap. Qaraqalpaq tili orfografiyasi’ni’n’ qa’liplesiwi

Qaraqalpaq tili jazi’wi’na itibar qaratsaq, xalqi’mi’zdi’n’ bir qansha a’lipbelerden paydalang’anli’g’i’n ko’remiz. Qaraqalpaq tilinin’ imlasi’ da «bir neshe a’lipbeler arqali’ qa’liplesip, jetilisip bardi’. Ha’r qanday adam wo’z pikirin basqag’a yeki tu’rli usi’l arqali’ bildiredi. Birinshisi awi’zsha, yekinshisi jazi’w arqali’. Jazi’wdi’n’ a’hmietlilik ta’repleri haqqi’nda ilimiy a’debiyatlarda: to’mendegishe pikirler bildiredi. «Jazi’wda ha’r ta’repleme woylaw, toli’qti’ri’w du’zetiw ha’m da’l kerekli so’zlerdi tan’law arqali’ woy-pikirdi woqi’wshi’g’a ani’g’i’raq jetkeriw mu’mkinshiligi boladi’. Sonday-aq jazi’wdan paydalang’anda materialdi’n’ kerekli jerin jazi’p ali’p, wog’an ayri’qsha di’qqat qoyi’p woqi’w mu’mkin. Jazi’wsi’z ilim haqqi’nda ha’tte woylaw da mu’mkin yemes. Adamzatti’n’ aldi’n’g’i’ woy-pikirleri, bilimi a’wladtan a’wladqa a’sirler dawami’nda jazi’w arqali’ wo’tip keldi. Solay yetip, ilimnin’ jetilisiwi, rawajlani’wi’, jetilisiwi woni’n’ tariyxi’ menen, jazi’w menen ti’g’i’z baylani’sli’»[1].

Orta Aziyag’a ko’plegen tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ tilleri si’yaqli’, qaraqalpaq tilinin’ jazi’wi’ wo’zinin’ basi’nan to’rt da’wirdi arab grafikasi’, lati’n grafikasi’, rus grafikasi’ ha’m lati’nlasti’ri’lg’an ha’zirgi qaraqalpaq grafikasi’ tiykari’ndag’i’ jazi’w da’wirin wo’tkerdi. Bul da’wirler wo’zine ta’n wo’zgesheliklerine iye.

Qaraqalpaq tili jazi’wi’ni’n’ du’zilip rawajlani’wi’nda ha’m woni’n’ jetilisiwinde tiykari’nan to’rt da’wirdi atap ko’rsetewge boladi’.

I.Reformalang’an arab alfaviti (1924-1929-j.).

II.Lati’nlasqan alfavit (1930-1940-j.).

III. Rus grafikasi’ tiykari’ndag’i’ alfavit (1940-1990 j. deyin).

IV. Lati’nlasti’ri’lg’an ha’zirgi qaraqalpaq alfaviti.

---

[1] Berdimuratov E., Da`wletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. No`kis, Qaraqalpaqstan, 1979, 146-bet.

V. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an a’lipbege wo’zgerisler kiritiw (1994-ji’l 6-fevral).

VI. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an a’lipbege wo’zgerisler kiritiw 2009-ji; l 8-oktyabr (ha’rip sani’- 34).

Qaraqalpaq tilinin’ jazi’wi’ da’slep reformalang’an arab alfaviti tiykari’nda payda boldi’. Arab alfaviti tiykari’ndag’i’ jazi’w qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin, a’sirese fonetikali’q wo’zgesheliklerin toli’q ta’miyin yete almadi’. Arab jazi’wi’ tiykari’ndag’i’ alfavitte 28 ha’rip boli’p, woni’n’ altawi’ dawi’sli’ sesler yedi, wonda qaraqalpaq tilinin’ tiykarg’i’ sesleri boli’p yesaplanatug’i’n «a’, wo’, u’» dawi’sli’lari’ joq yedi.

Arab jazi’wi’ tiykarg’i’ ha’riplerge basqa bir neshe belgiler arqali’ jamap jasqali’p, u’lken qi’yi’nshi’li’q penen jazi’latug’i’n yedi. Woni’n’ u’stine arab ha’riplerinin’ ko’pshiligi so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda jazi’lg’anda bir tu’rli boli’p kelmey, ha’r tu’rli boli’p jazi’latug’i’n yedi. Solay yetip, woqi’w ha’m woqi’ti’w isleri, baspa so’z jumi’slari’nda ha’m xali’qti’ sawatlandi’ri’wda arab jazi’wi’ tiykari’ndag’i’ alfavit biraz qi’yi’nshi’li’q tuwdi’rdi’.

«Arab alfavitinin’ yen’ u’lken kemshiliklerinin’ biri»-dep jazdi’ ilimpaz K.Ubaydullaev, «Wol sawat ashi’w ushi’n qi’yi’n jazi’w yedi. wonda bir ses bir neshe forma arqali’ bildiretug’i’n ha’riplerdin’ arasi’nda bir-birine uqsas ko’p g’ana tan’balar boli’p, qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n dawi’sli’ seslerin bildiretug’i’n arnawli’ dawi’sli’ ha’ripleri joq yedi, ha’m t.b. Mine, bulardi’n’ barli’g’i’ arab alfaviti menen ma’deniyatti’ rawajlandli’ri’wg’a ha’m woqi’w, jazi’w islerin duri’s jolg’a qoyi’wg’a mu’mkin yemesligin ashi’q ko’rsetti»[1]

Arab alfaviti duri’s ha’m texnikasi’ jag’i’nan qolaysi’z jazi’w bolg’anli’qtan baspaso’z jumi’slari’ ushi’n qi’yi’n yedi. Sonli’qtan kitap penen gazetalardi’ basi’p shi’g’ari’wda u’lken qi’yi’nshi’li’qlar ushi’rasti’. Arab alfavitinde bas ha’rip joq yedi, soni’n’ ushi’n tekste belgili atamalardi’, adamlardi’n’ atlari’ menen familiyalari’n ja’ne de geografiyali’q atamalardi’ ayi’ri’p ko’rsetiwge mu’mkin bolmadi’.

---

[1] Ubaydullaev K. Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika, No’kis, 1965, -105 b.

Ayi’ri’m so’zlerdin’, a’sirese qospa so’zlerdin’ jazi’li’wi’nda ha’r qi’yli’ jazi’w dawam yete berdi. Mine bulardi’n’ ha’mmesi jazi’wdi’ irkilmey tu’siniwge irkinish jasadi’.

İlim menen texnikani’n’ alg’a rawajlani’wi’ arab alfavitinin’ wo’sip barati’rg’an turmi’sti’n’ talaplari’na juwap bere almaytug’i’n, ma’deniyatti’n’ rawajlani’wi’ ushi’n jaramaytug’i’n jazi’w yekenin ta’jriybe ani’q ko’rsetti. Sonli’qtan arab alfavitin basqa bir tu’r jazi’w sistemasi’ menen almasti’ri’w za’ru’rligi kelip shi’qti’.

1922-ji’li’ 21-iyulde Pu’tkil awqamli’q jan’a Tu’rk a’lipbesi worayli’q komiteti sho’lkemlestirildi. worayli’q komitet tu’rkiy tilleri sistemasi’ndag’i’ xali’qlardi’n’ jazi’wlari’n birlestiriw ma’selesi tuwrali’ tiyisli wazi’ypalar belgiledi.

1926-ji’li’ 26-fevraldan 6-martqa shekem Bakude Pu’tkil awqamli’q birinshi tyurkologiyali’q syezd boli’p wo’tti. Syezdke O’zbekistan, Qazaqstan, Tu’rkmenstan, Azerbayjan, Dag’i’stan, Armeniya, Bashqurtstan, Yakutiya ha’m basqa da respublikalardan, avtonomiyali’ oblastlardan wa’killer qatnasti’. Syezd arab alfavitin lati’nlasti’ri’lg’an alfavit penen almasti’ri’w tuwrali’ qarar qabi’l aldi’.

Birinshi tyurkologiyali’q s’ezdden keyin tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ jazi’wi’n lati’nlasqan jan’a alfavitke ko’shiriw boyi’nsha ha’reket baslandi’. Lati’nlasqan birinshi qaraqalpaq alfavitinin’ tiykarg’i’ jobasi’ Q.A’wezov, S.Ma’jitov ha’m basqalar ta’repinen du’zildi.

Solay yetip, 1928-ji’li’ yelimizdin’ basqa da xali’qlari’ si’yaqli’, qaraqalpaq xalqi’ da lati’n grafikasi’ tiykari’ndag’i’ jan’a alfavitke ko’shti. Xali’qti’ sawatlandi’ri’wdi’n’ a’hmiyetli joli’ bolg’an sabaqli’qlar du’ziw, baspaso’z islerin ku’shli rawajlandi’ri’w, mekteplerdi ko’plep du’ziw isleri boyi’nsha jumi’slar islendi.

Bul tuwrali’ tilshi K.Ubaydullaev bi’lay dep jazadi’: «Lati’n grafikasi’ tiykari’ndag’i’ jan’a alfavitke ko’shiw worta Aziya xali’qlari’ni’n’, soni’n’

ishinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'nda da ma'deniy revolyuciya boli'p yesaplanadi'»[1].

Lati'n grafikasi' tiykari'ndag'i' jan'a qaraqalpaq alfavitinde 32 ha'rip boli'p, wolardan 9 dawi'sli' ha'rip, 23 dawi'ssi'z ha'rip boli'p alvafittin' ta'rtibi to'mendegishe ali'ng'an yedi:

a, b, c,  d, a', ye, f, g, h, x, i,  j, k, l, m, n, n', wo', p, q, r, s, u, v, y, z.

Qaraqalpaq tilinin' jazi'wi' lati'n grafikasi' tiykari'ndag'i' jan'a alfavitke ko'shken waqi'tta, bas ha'ripsiz qabi'l ali'ng'an yedi. Bunday yag'ni'y alfavittegi ha'riplerdi bas ha'ripsiz qabi'l ali'w qaraqalpaq tilinen basqa tu'rkiy tillerinde bolg'an yemes.

Solay yetip, qaraqalpaq tilinin' jazi'wi' 1929-ji'li' jan'a lati'nlasti'ri'lg'an alfavitke toli'g'i' menen wo'tip boldi' ha'm usi' ji'li' «Qaraqalpaq a'lipbesi», B.Eralievtin' «Xat tani'», Q.Ayi'mbetov ha'm B.Eralievtin' «Egedeler sawati'», al 1930-ji'li' «Qaraqalpaqsha til sabag'i'» kitaplari' basi'li'p shi'qti'.

Qaraqalpaq tilinin' birinshi grammatikali'q «Til sabag'i'» texnikumlarda ana tili retinde sabaq boli'p kirdi ha'm woqi'ti'la basladi'.

Til ha'm a'debiyatti'n' rawajlani'wi' menen birge jazi'w menen tilge qi'zi'wshi'li'q ku'sheydi. Qaraqalpaq jazi'wshi'lari' menen texnikumlardi'n' mug'allimleri ha'm gazeta xi'zmetkerlerinin' usi'ni'si' menen alfavit ha'm orfografiyag'a arnalg'an ma'jilis wo'tkerildi. Bul ma'jliste mi'na ma'seleler sheshildi:

a) qaraqalpaq tilinde «s» (ch) sesi joq dep, ko'pshiliktin' pikiri boyi'nsha alfavitten «s» ha'ribi ali'p taslani'p, woni'n' atqaratug'i'n wazi'ypasi' «s» ha'ribine ju'klenedi.

b) mekteb, kitab, gulub ha'm tag'i' basqa usag'an so'zlerdin' aqi'ri'na «b»ni'n' worni'na u'nsiz «p» ha'ribi jazi'latug'i'n boldi'. Mi'sali': mektep, kitap, gulup.

[1] Ubaydullaev K.  Ha'zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika, No'kis, 1965, -105 b.

v) qaraqalpaq tilindegi yerinlik qi’si’q dawi’sli’ «u» (u) seslerin yeki buwi’ng’a shekem jazi’w qabi’l yetilip, qulp, qudq, bu’gin, tylki degen so’zler qulun, quduq, bygyn, tylky dep jazi’latug’i’n boldi’[1].

1931-ji’li’ fevralda woqi’w kitaplari’n jazi’p ju’rgen avtorlardi’n’ qatnasi’wi’nda a’njuman boli’p, sol a’njumanda qaraqalpaq tilinin’ orfografiyasi’ tag’i’ dodalang’an yedi. Bunda ko’birek yerinlik dawi’slardi’n’ jazi’li’wi’ tuwrali’ tarti’s boldi’. Avtorlar a’njumani’ arnawli’ orfografiyali’q a’njuman shaqi’ri’lg’ang’a shekem, qaraqalpaq tilindegi qi’si’q dawi’sli’ yerinlik sesler so’zdin’ yekinshi buwi’ni’na shekem jazi’lsi’n degen qarar qabi’l yetti. Solay yetip, avtorlar a’njumani’ aldag’i’ waqi’tta qaraqalpaq tili orfografiyasi’ni’n’ jobasi’ fonetika-morfologiyali’q bag’darda du’zilsin degen pikirge keledi.

1932-ji’li’ qaraqalpaq tili imlasi’ni’n’ yeki jobasi’ usi’ni’ldi’. Birinshi joba Qaraqalpaqstan ilim-izertlew instituti’ni’n’ yetnologo-lingvistikali’q sektsiyasi’ (du’ziwshiler K.Ubaydullaev ha’m U.Qosekeev) ta’repinen, al yekinshisi Xali’q Bilimlendiriw komiteti woqi’w-metodikali’q ken’esi (du’ziwshi Q.Ayi’mbetov) ta’repinen usi’ni’ldi’. Bul yeki jobada da bir qansha kemshilikler (erinlik seslerdi, seslerdin’ ilgerili ha’m keyinli ta’sirin belgilewde, qospa feyillerdin’ jazi’li’wi’nda ha’m t.b.) wori’n alg’an yedi. Bul yeki jobada da ko’birek tarti’sli’ ma’sele dawi’sli’ seslerdin’ a’sirese yerinlik dawi’sli’ seslerdin’ jazi’li’wi’ boldi’. Qaraqalpaq tili orfografiyasi’ni’n’ jobalari’ni’n’ bir qatar kemshilikleri menen geybir jetiskelikleri ha’m wol jobalardi’n’ a’hmieti jo’ninde N.A.Baskakov ta wo’zinin’ «Zamechaniya k proektam karakalpakskoy orfografii» degen maqalasi’nda qaraqalpaq tili haqqi’nda wo’z pikirlerin bildirdi: «Umladag’i’ bir qatar jetispewshiliklerge qaramastan, orfografiya boyi’nsha jumi’slar kelesheke a’melge asatug’in ilimiy isler ushi’n derek wazi’ypasi’n atqaradi’»

Ko’p uzamay-aq yeki joba biriktirildi. 1932-ji’li’ sentyabr ayi’nda To’rtku’lde birinshi orfografiyali’q a’njuman shaqi’ri’ldi’. Bul a’njumanda

---
[1] Ubaydullaev K.  Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika, No’kis, 1965, -105 b.

G.Alparov, K.Ubaydullaev, Q.Ayi’mbetovlar ta’repinen du’zilgen «Qaraqalpaq tilinin’ jan’a imlasi’» qabi’l yetildi. Jan’a alfavit qurami’na hesh qanday wo’zgerisler kirgizilmedi, tek g’ana ayi’ri’m ha’riplerdin’ worni’ wo’zgerdi: arnawli’ qaraqalpaq seslerin bildiriwshi ha’ripler alfavittin’ son’i’na ko’shirildi ha’m soni’n’ menen birge birinshi ret bas ha’repler qabi’l yetildi.

Jan’a alfavittin’ ta’rtibi to’mendegishe yedi:

| | | | |
|---|---|---|---|
| A a, | Z z, | R r, | Ş ş, |
| B b, | J j, | S s, | A’ a’, |
| V v, | K k, | T t, | Q q, |
| G g, | L l, | U u, | Yu yu, |
| D d, | M m, | F f, | Ņ ņ, |
| E ye, | O o, | X x, | O’ o’, |
| Ç ç, | P p, | H h, | Y y |

Jan’a alfavittegi ha’riplerdin’ sani’ 32 yedi, wolar 9 dawi’sli’ ha’m 22 dawi’ssi’z ha’replerden ibarat yedi. Jan’a orfografiyali’q qa’delerde to’mendegi wo’zgerisler kirgizildi:

1) qi’si’q dawi’sli’ «ı» ha’m «i’» seslerin barli’q buwi’nlarda saqlap jazi’w;

2) qi’si’q dawi’sli’ yerinlik «u» ha’m «u’» seslerine jazi’wda tek birinshi ha’m yekinshi buwi’nlarda saqlap jazi’w; mi’sali’: uzunlg, bygyngi, tylkyni, ykyni.

3) Ashi’q dawi’sli’ yerinlik «o», «o’», seslerine tek birinshi buwi’nda jazi’w; mi’sali’: bo’dene, wotn, toqm ha’m t.b.

4) So’zdegi ayi’ri’m dawi’ssi’z sesler geyde almasi’p yesitilse de, jazi’wdi’ so’zlerdin’ tiykari’n saqlap jazi’w ko’zde tuti’ladi’. Ma’selen, senler (seller yemes), ko’nbegen (ko’mbegen yemes) songa ha’m t.b.

Bul jobada da qaraqalpaq tilindegi bas ha’riplerdin’, qi’sqarti’lg’an qospa so’zlerdin’ jazi’li’wi’ da birinshi ret qa’delerge kirgizildi.

Qaraqalpaq til bilimi boyi’nsha orfografiya a’njumani’ni’n’ shaqi’ri’li’wi’, wonda qaraqalpaq tilinin’ alfaviti menen orforgrafiyali’q qa’delerinin’ qabi’l yetiliwi ha’m jazi’w tan’balari’ni’n’ belgileniwi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ rawajlani’wi’nda wog’ada u’lken wori’n tutti’.

Qaraqalpaq tilinin’ tiykarg’i’ fonetikali’q ni’zamlari’, wolardi’n’ qaysi’si’n qanday da’rejede qollani’latug’i’ni’ ani’qlandi’.

Tilimizge kirgen jan’a so’zler, wo’zlestirilgen so’zlerdi qalay jazi’wdi’n’ jollari’ sol orfografiyada azlap bolsa da ko’rsetildi. Biraq orfografiyami’zda fonetikali’q principtin’ basi’m boli’wi’, woni’n’ u’stine lati’n alfavitindegi geybir ha’riptin’ toli’q ali’nbawi’ ha’m bazi’bir ha’riplerdin’ bolmawi’ tilimizge kirgen jan’a so’zlerdi, wo’zlestirilgen so’zlerdi duri’s jazi’wdi’ ta’miyin yete almaydi’.

Sonli’qtan, alfavit penen orfografiya haqqi’nda ja’ne de tarti’sli’ ma’seleler ko’terildi.

Q.Ayi’mbetov «İmla jobasi’na qosi’msha pikirler» degen maqalasi’nda[1] ko’pshiliktin’ pikirlerine su’yene woti’ri’p, imla jobasi’na wo’zinin’ pikirlerin aytadi’:

1) «i,j» wori’ni’na i-ali’w;
2) «v» worni’na v-ali’w;
3) «i» worni’na u-ali’w;
4) «barami’s» yemes «barami’z» dep jazi’w;
5) yerinlik seslerdi bas tartadi’;
6) imlani’n’ ha’mmege wortaq bir qa’lipke tu’siwin talap yetedi.

Qaraqalpaq tili orfografiyasi’ haqqi’ndag’i’ ayti’lg’an ha’r tu’rli pikirlerden keyin, 1935-ji’li’ iyunde To’rtku’lde yekinshi til-imla a’njumani’ shaqi’ri’li’p, wonda alfavit ha’m orfografiyag’a birqansha wo’zgerisler kirgizildi:

---

[1] Ayi’mbetov Q. İmla jobasi’na qosi’msha pikirler// Qaraqalpaq tili boyi’nsha saylandi’ miynetler. No’kis, 1976.

1)jazi’wda birinshi buwi’nda qi’si’q dawi’sli’ «i», «i» ha’riplerin jazbaw;

2) alfavitten qaraqalpaq tilinin’ arnawli’ seslerin bildiretug’i’n a’, wo’, u’ ha’riplerin ali’p taslaw;

3) yerinlik xi’zmetin atqaratug’i’n qi’si’q dawi’sli’ «i», «u» ha’riplerin tek g’ana birinshi buwi’nda jazi’w; Mi’sali’: qulp, uzn, gu’zgi, tu’lki t.b.

Biraq bul usi’ni’slar qaraqalpaq tili alfaviti ha’m orfografiyasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda tabi’sli’ jan’a bag’dar bere almadi’, kerisinshe K.Ubaydullaevti’n’ atap wo’tkenindey «Alfavitten qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelik arnawli’ dawi’sli’ seslerin ali’p taslag’an waqi’tta, ha’r bir sestin’ atqaratug’i’n xi’zmeti menen so’zdegi an’latatug’i’n ma’nisi yesapqa ali’nbag’anli’qtan ko’p g’ana so’zlerdin’ ma’nileri buzi’li’p pu’tkilley wo’zgerip ketedi».[1]

Sonli’qtan, alfavitten qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri– arnawli’ dawi’sli’ seslerin ali’p taslaw, jazi’wdi’ qi’yi’nlasti’ri’w menen birge qaraqalpaq tilinin’ wo’zgesheligine zi’yan bergen bolar yedi.

Solay yetip, bul ma’sele jo’ninde a’njumanda bolg’an talas – tarti’sli’ pikirler hesh qanday juwmaqqa kele almag’an yedi.

1938-ji’li’ oktyabr ayi’nda To’rtku’lde 3-orfografiyali’q a’njuman boldi’. a’njuman N.Da’wqaraev, K.Ubaydullaev ta’repinen du’zilgen qaraqalpaq a’debiy tili orfografiyasi’ni’n’ jan’a jobasi’ dodalandi’ ha’m qabi’l yetildi.

Alfavittin’ jan’a jobasi’nda 32 ha’rip boli’p, wolardan 11 ha’rip dawi’sli’lar ushi’n, 21 ha’rip dawi’ssi’zlar ushi’n qabi’l yetildi.

Bul orfografiya tiykari’nan morfologiyali’q, fonetikali’q maqsette du’ziledi de, morfologiyali’q ta’repi basi’m yetip belgilenedi.

Solay yetip, a’debiy tilimizdegi ko’p g’ana so’zlerdi duri’s jazi’wg’a, tilimizge qari’m-qatnas arqali’ kirgen so’zlerdi duri’s jazi’wg’a, tilimizge qari’m-qatnas arqali’ kirgen so’zlerdi mu’mkinshiligi bolg’ani’nsha duri’s jazi’wg’a yerisildi.

---

[1] Ubaydullaev K. Fonetika. No’kis, 1976, 27-bet.

Bul jan’a alfavittin’ ta’rtibi to’mendegishe boldi’:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Aa, | I’i, | Ss, | O’o’, |
| Bb, | Kk, | Tt, | Hh |
| Vv, | Ll, | Uu, | Qq |
| Gg, | Mm, | Ff, | Yu yu, |
| Dd, | Nn, | Xx, | Yy, |
| Ee, | Oo, | Şş, | Ū ū, |
| Çç, | Pp, | Ņņ, | J j, |
| Zz, | Rr, | A’a’, | |

Bul alfavittin’ qurami’na jan’adan «y» ha’ribi kirgizildi. «i» ha’ribinin’ xi’zmeti «j» ha’ribine ju’klenip, bul ha’rip dawi’sli’ ha’rip boli’p belgilenip, dawi’sli’lardi’n’ qatari’na qosi’ladi’ da, bir, siz, birlik, biziŋ, ksj, degen so’zler jazi’ladi’.

Al, i ha’ribi buri’ng’i’ dawi’ssi’z j menen rus ha’ribindegi dawi’sli’ «i»din’ ha’m qosarli’ ij – ij birikpelerinin’ wazi’ypasi’ ju’klenip, tai, cai, woqud, togid dep jazi’ladi’.

Jan’a alfavite to’mendegi wo’zgerisler boldi’:

1) «y» ha’ribine dawi’ssi’z v ha’ribi menen qosarli’ uv-yv birikpelerinin’ wazi’ypalari’ ju’klenedi: tau, su, wogu, kelu, baru degen so’zler usi’lay jazi’latug’i’n boldi’;

2) Qaraqalpaq tilindegi yerinlik qi’si’q dawi’sli’ «i», «u» ha’ripleri ko’pshilik jag’dayda birinshi buwi’nda g’ana jazi’ladi’. Mi’sali’: uzn, quln, us, tulku, bugin ha’m t.b.

3) Yerinlik qi’si’q dawi’sli’ «i», «i» ha’ripleri ashi’q buwi’nli’ so’zlerdin’ birinshi buwi’ni’nda tu’sirilip qaldi’ri’li’p, jazi’latug’i’n boladi’. Mi’sali’: qzl, tns, blim, bledi, tlek, trek ha’m t. b.

4) «ya, yu, yo» ha’ripleri «ia», «io», «iu» birikpeleri menen jazi’latug’i’n boldi’. Mi’sali’: yamasa, yolka ha’m t. b.

5) Til aldi’ shawqi’mli’ «sh» ha’m «ch» sesleri tek bir g’ana «ş» ha’ribi menen belgilenedi. Mi’sali’: sa’inek ha’m t. b.

6) Til aldi’ shawqi’mli’ «sh» ha’ribinin’ worni’na «şş». Mi’sali’: şşetka ha’m t.b.

7) Ayi’ri’w belgisi ushi’n «y» ha’ribi belgilenedi. Mi’sali’: obyekt ha’m t.b.

8) «z» ha’ribinin’ worni’na «s» qollani’la basladi’. Mi’sali’: barams, baramiz, qzmz, qzims t.b.

Lati’n grafikasi’ tiykari’ndag’i’ alfavit penen orfografiyani’n’ paydali’ boli’wi’na qaramastan, ha’zirgi wo’sip rawajlani’p barati’rg’an qaraqalpaq a’debiy tildegi so’zlerdi toli’q ha’m duri’s jazi’wdi’, a’sirese qari’s-qatnas na’tiyjesinde wo’zlestirilgen so’zlerdi duri’s jazi’wdi’ toli’q ta’miyin yete almadi’, yag’ni’y lati’n alfavitindegi ha’ripler jetispedi. Bul jag’day qaraqalpaq a’debiy tilinin’ alfaviti menen orfografiyasi’ni’n’ jetiliwi menen orfografiyasi’ni’n’ turaqli’ boli’wi’na ko’p qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’rdi’.

Soni’n’ ushi’n bul qi’yi’nshi’li’qlardan quti’li’wdi’n’ bir joli’, wol da bolsa jan’a alfavitke ko’shiw yedi. 1940-ji’li’ ashi’lg’an Qaraqalpaqstan ilim-izertlew til ha’m a’debiyat instituti’ni’n’ a’hmiyeti wog’ada u’lken.

Usi’ institutti’n’ xi’zmetkerleri K.Ubaydullaev, Q.Ayi’mbetov, N.Da’wqaraevlar ta’repinen «Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ alfaviti ha’m orfografiyasi’» degen rus grafikasi’na tiykarlang’an jan’a alfavit ha’m imla qa’deleri islep shi’g’i’ldi’.

Jan’a alfavit 35 ha’ripten ibarat boli’p wolardan:

1) 9 dawi’sli’ ushi’n 6 ha’rip (a, ye, wo, u, i’, i) ali’ndi’, (a’, wo’, u’ qaraqalpaq tilinin’ arnawli’ dawi’sli’lari’ yedi).

2) Bir ha’rip «e» basqa tillerden kirgen so’zlerdi jazi’w ushi’n;

3) Yeki ha’rip «Yuyu», «Yaya», «iw», «ya» birikpeleri ushi’n;

4) 24 ha’rip 25 dawi’ssi’z ses ushi’n (soni’n’ ishinde «n’» ushi’n «ng» belgisi) ali’ndi’.

5) «»-ayi’ri’w ha’m «»-jin’ishkertiw belgileri ushi’n qabi’l yetildi.

Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ alfavitine tildin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelik seslerin bildiretug’i’n jin’ishke dawi’sli’ «a’, wo’, u’» ha’ripleri ali’nbay, bulardi’n’ xi’zmeti «a, wo, u» ha’ripleri atqari’p keldi.

Al, ha’ripler jin’ishkertiw «ь» belgisinin’ ja’rdemi menen dan, bahar, salpal, mahal, jur, wot, jun, soz, tel, sut, tur, tos dep jazi’li’p, jin’ishkertiw belgisi wo’zinin’ tiykarg’i’ xi’zmetinen basqa da wazi’ypani’ atqari’p kelgen yedi.

Rus grafikasi’na tiykarlang’an jan’a alfavitte mektepler ushi’n sabaqli’qlar shi’g’ari’la basladi’.

Biraq rus grafikasi’ tiykari’nda negizlenip du’zilgen qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ alfavitinde tildin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelik seslerin bildiretug’i’n bir qatar dawi’sli’ ha’ripler menen geybir dawi’ssi’z ha’riplerdin’ jetilispewin, imla qa’delerinde bir qansha kemshilikler menen shatasli’qlardi’n’ jetkilikli da’rejede islenbegenin ta’jiriybe ko’rsetti.

Bul alfavit 1960 – ji’lg’a deyin wo’zgerissiz qollani’li’p keldi.

1940 – ji’li’ qabi’l ali’ng’an alfavit penen orfografiyani’n’ kemshilikleri menen ayi’ri’m shatasli’qlari’n jo’nlew maqsetinde, qaraqalpaq a’debiy tilinin’ alfaviti menen orfografiyasi’ni’n’ jobasi’ du’zildi.

Bul joba 1954 – ji’li’ sentyabrde No’kis qalasi’nda wo’tkerilgen ilimiy-teoriyali’q a’njumanda dodalandi’.

Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ni’n’ a’hmietli ma’selelerine arnalg’an bul a’njumang’a tuwi’sqan respublikalardan belgili ilimpazlar: akad. G’afur G’ulam, prof. N. A. Baskakov, V. V. Reshetov, K. K. Yudaxin, K. Kamilova, Sh.Shabduraxmanova, J. Shukurovlar qatnasti’.

K.Ubaydullaev ha’m D.Nasi’rov ta’repinen du’zilgen «Qaraqalpaq tilinin’ alfaviti ha’m orfografiyali’q qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’» jobasi’ Moskva ha’m Tashkent qalalari’nda til ha’m a’debiyat instituti’ ilimpazlari’ ta’repinen bir neshe ret talqi’lawg’a tu’sti ha’m qabi’l yetildi.

1957-ji’li’ 28-fevralda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen bul joba tasti’yqlandi’.

Bul alfavittegi ha’riplerdin’ sani’ 31 ha’rip boli’p, wornalasi’w ta’rtibi to’mendegishe: a, a’, ye, i’, i, wo, wo’, u, u’, (bul 9 ha’rip dawi’sli’lar ushi’n), b, v, g, g’, d, j, z, y, k, q, l, m, n, n’, p, r, s, t, w, f, x, h, ts, sh, sh (bul 26 ha’rip dawi’ssi’zlar ushi’n), ye, yu, ya, , (bul 6 ha’rip birikken sesler ha’m sha’rtli belgiler ushi’n xi’zmet yetti).

Bul alfavitke 1940-ji’lg’i’ alfavit penen sali’sti’rg’anda, bir qatar wo’zgerisler kirgizildi.

1) Dawi’sli’ sesler ushi’n qaytadan a’, wo’, u’ ha’ripleri ali’ndi’.

2) Qos yerinlik u’nli dawssi’z ushi’n «w» ha’ribi ali’ndi’.

3) Buri’ng’i’ dawi’ssi’z sonor «ng» worni’na «n’» ha’ribi qabi’l yetildi.

Al, alfavittegi qalg’an 33 ha’rip rus tilinde qanday sesti bildirse, qaraqalpaq tilinde de sonday sesti bildiredi.

Qaraqalpaq tilinin’ jan’a alfavitin du’ziwde ha’m woni’n’ arnawli’ sesler ushi’n tan’balar saylap ali’wda usi’nday sesler ha’m tan’balardi’n’ rus alvafitin qabi’llag’an basqa tuwi’sqan tillerde de bar yekenligin atap wo’tiwge boladi’.

Ha’zirgi zaman texnika qurallari’nan ken’ paydalani’w maqsetinde tu’rkiy tilles xali’qlar menen bir qatarda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ da wo’zinin’ milliy jazi’wi’n kirill grafikasi’ndag’i’ a’lipbeden lati’n grafikasi’ tiykarlang’an a’lipbege wo’tkeriw za’ru’rligi tuwdi’.

G’a’rezsizlikke yerisken tu’rkiy tilles respublikalar menen bir qatarda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ da wo’zinin’ milliy jazi’wi’n lati’n grafikasi’na tiykarlang’an a’lipbege wo’tkerdi.

Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq tilinin’ jan’a a’lipbesi won yekinshi shaqi’ri’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi won besinshi sessiyasi’nda (1994-ji’l 26-fevral) 31 ha’rip boli’p qabi’l yetilgen yedi.

Lati’n grafikasi’na tiykarlang’an qaraqalpaq alfavitin yengiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zami’na wo’zgerisler kirgiziw haqqi’nda (1995-ji’l 25-may) qarar qabi’llandi’. wo’zgerisler kirgizilgen a’lipbe birinshi shaqi’ri’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’

Ken’esi won besinshi sessiyasi’nda  (1995-ji’l 29-dekabr) 32 ha’rip boli’p qabi’l yetildi.

Qabi’l yetilgen a’lipbenin’ qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n seslik wo’zgesheliklerin bildiretug’i’n 5 (bes) ha’ribi: A’a’, G’g’, N’n’, wo'o', U’u’ u’stin belgisi menen 1 ha’rip ha’ripler birikpesinen turatug’i’n yetip ali’ndi’.

Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesi tiykari’nda jan’a imla qag’i’ydalari’ du’zilip, wol Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ 1995-ji’ldi’n’ 30-dekabrdegi qarari’ menen tasti’yqlandi’ ha’m 1996-ji’ldi’n’ birinshi  yari’mi’nda  «Bilim» baspasi’nda basi’li’p shi’qti’.

Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ imlasi’ lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an ha’zirgi a’lipbege usi’ ku’nge shekem, 1957-ji’lg’i’ qabi’l yetilgen imla qag’i’ydalari’n qollani’p keldi.

Wonnan berli 40 ji’lg’a shamalas waqi’t wo’tti. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesinin’ ha’zirgi qabi’l yetilgen imla qag’i’ydalari’ buri’ng’i’ a’meliy jazi’wg’a u’lken wo’zgeris jasamastan qabi’l yetildi.

Sebebi, bul jazi’w a’lipbe ha’m imla a’njumanlari’nda, baspa so’zlerde pikir ali’si’wlar na’tiyjesinde biraz qa’liplesken yedi. Solay da bolsa, ku’ndelikli jazi’w ta’jriybemizde geypara so’zlerdin’ jazi’li’wi’nda ha’r tu’rliliklеridin’ bar yekenligi bayqaladi’.

Ma’selen, 1957-ji’lg’i’ imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha «fa’n, diyxan, puxara, da’sturxan, ruxsat» si’yaqli’ so’zler usi’lay jazi’li’wi’ tiyis yedi, biraq ku’ndelikli jazi’w ta’jriybemizde bul so’zlerdin’ qag’i’ydag’a i’layi’q jazi’li’wi’ saqlanbadi’.

«Fa’n» so’zindegi yerinlik-tislik «f» sesi qos yerinlik «p» sesine  (fa’n-pa’n), al  qatti’raq ayti’latug’i’n til arti’ u’nsiz «x» sesi jumsaq ayti’latug’i’n til arti’, u’nsiz «q» sesine almasi’p yesitiliw ha’m jazi’li’wi’ ta’jiriybe de qa’liplesti: pa’n, diyqan, puqara, ruqsat ha’m t.b.

Ha’zirgi lati’n jazi’wi’na tiykarlani’p du’zilgen imlada bul so’zlerdin’ usi’ qa’liplesken jazi’wi’ berildi.

| **Ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi** | **Baspa tu’rdegi** | **Jazba tu’rdegi** | **Ayti’li’wi’** | **Kirill** |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
| 1 | Aa | *Aa* | a | A |
| 2 | A’a’ | *A’a’* | a’ | a’ |
| 3 | Bb | *Bb* | be | b |
| 4 | Dd | *Dd* | de | d |
| 5 | Ee | *Ee* | e | e,e |
| 6 | Ff | *Ff* | fe | f |
| 7 | Gg | *Gg* | ge | g |
| 8 | G’g’ | *G’g’* | g’a | g’ |
| 9 | Hh | *Hh* | he | h |
| 10 | Xx | *Xx* | xa | x |
| 11 | I’i’ | *I’i’* | i | i’ |
| 12 | İi | *İi* | i | i |
| 13 | Jj | *Jj* | je | j |
| 14 | Kk | *Kk* | k | k |
| 15 | Qq | *Qq* | qa | q |
| 16 | Ll | *Ll* | le | l |
| 17 | Mm | *Mm* | me | m |
| 18 | Nn | *Nn* | ne | n |
| 19 | N’n’ | *N’n’* | n’e | n’ |
| 20 | Oo | *Oo* | o | o |
| 21 | O’o’ | *O’o’* | wo’ | o’ |
| 22 | Pp | *Pp* | pe | p |
| 23 | Rr | *Rr* | re | r |
| 24 | Ss | *Ss* | se | s |
| 25 | Tt | *Tt* | te | t |
| 26 | Uu | *Uu* | u | u |
| 27 | U’u’ | *U’u’* | u’ | u’ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 28 | Vv | *Vv* | ve | v |
| 29 | Ww | *Ww* | we | w |
| 30 | Yy | *Yy* | | y |
| 31 | Zz | *Zz* | ze | z |
| 32 | Shsh | *Shsh* | she | sh (ch,sh) |

## QARAQALPAQ A’LİPBESİNİN’ TABLİTsASI’

| № | **Rus grafikasi’ tiykari’n-dag’i’ ha’zirgi a’lipbe** | **Rus grafikasi’ tiykari’n-dag’i’ a’lipbe (1940-1957)** | **Lati’n-lasti’ri’lg’an a’lipbe (1938-1940)** | **Lati’n-lasti’ri’lg’an a’lipbe (1932-1938)** | **Lati’n-lasti’ri’lg’an a’lipbe (1928-1930)** | **Ha’zirgi a’lipbedegi ha’riplerdin’ ayti’li’wi’** | **Rus ha’rip-leri** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 1 | Aa | Aa | Aa | Aa | A | a | a |
| 2 | A’a’ | (Aa) | A’a’ | A’a’ | A’ | a’ | - |
| 3 | Bb | Bb | Bb | Bb | B | be | b |
| 4 | Vv | Vv | Vv | Vv | V | ve | v |
| 5 | Gg | Gg | Gg | Gg | G | ge | g |
| 6 | G’g’ | G’g’ | | | | g’e | |
| 7 | Dd | Dd | Dd | Dd | D | de | d |
| 8 | Ee | Ee | Ee | Ee | E | e | e |
| 9 | Yoyo | (E-e) | (Jo-jo) | (Jo-jo) | (Jo) | yo | yo |
| 10 | Jj | Jj | ςς | ςς | ς | je | j |
| 11 | Zz | Zz | Zz | Zz | Z | ze | z |
| 12 | İi | İi | İj | İj | J | y yari’m dawi’sli’ | y |
| 13 | Yy | Yy | İi | İi | I’ | i | i |
| 14 | Kk | Kk | Kk | Kk | K | ka | k |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 15 | Qq | Qq | Qq | Qq | Q | qi’ | - |
| 16 | Ll | Ll | Ll | Ll | L | el | l |
| 17 | Mm | Mm | Mm | Mm | M | em | m |
| 18 | Nn | Nn | Nn | Nn | N | en | n |
| 19 | N’n’ | Ngng | n’ | n’ | N’ | en’ | - |
| 20 | Oo | Oo | Oo | Oo | O | o | o |
| 21 | O’o’ | (O-o) | O’o’ | O’o’ | O’ | o’ | - |
| 22 | Pp | Pp | Pp | Pp | P | pe | p |
| 23 | Rr | Rr | Rr | Rr | R | er | r |
| 24 | Ss | Ss | Ss | Ss | S | es | s |
| 25 | Tt | Tt | Tt | Tt | T | te | t |
| 26 | Uu | Uu | U’u’ | U’u’ | U’ | u | u |
| 27 | U’u’ | (U’-u’) | Uu | Uu | U | u’ | - |
| 28 | Ww | (U-u) | Uu | Vv | V | w | - |
| 29 | Ff | Ff | Ff | Ff | F | ef | f |
| 30 | Xx | Xx | Xx | Xx | X | xa | x |
| 31 | Hh | Hh | Hh | Hh | H | ha | - |
| 32 | Tsts | Tsts | (ts) | (s) | (S) | tse | ts |
| 33 | Chch | Chch | (Ss) | (Ss) | C | che | ch |
| 34 | Shsh | Shsh | (Ss) | (Ss) | S | sha | sh |
| 35 | Shsh | Shsh | (Ss) | (Ss) | (Ss) | sha | sh |
| 36 | | | I’ | (j) | (J) | ayi’ri’w belgisi | |
| 37 | I’i’ | I’i’ | | | | i’ | i’ |
| 38 | | | - | - | - | jin’ishkertiw belgisi | |
| 39 | Ee | Ee | (e) | (e) | (E) | e | e |
| 40 | Yuyu | Yuyu | (iu) | (ju) | (Ju) | yu | yu |
| 41 | Yaya | Yaya | (ia) | (ja) | (Ja) | ya | ya |

## 1.1. G’a’rezsizlik ji’llari’na shekemgi qaraqalpaq jazi’wi’

Biz qaraqalpaq jazi’w tariyxi’na itibar qaratsaq, milliy jazi’wi’mi’zdi’n’ ja’miyetlik siyasiy wo’zgerislerge, turmi’si’mi’zg’a baylani’sli’ wo’zgeriske ushi’rag’anli’g’i’n bilemiz. Yeger qaraqalpaq tilinde a’lipbelerdin’ qollani’lg’an da’wirlerin ji’llar yesabi’nda qarasti’ratug’i’n bolsaq, Arab a’lipbesi to’rt ji’l, lati’n a’lipbesi 1928-ji’ldan 1940-ji’lg’a shekem won yeki ji’l, al wori’s a’lipbesi (35 ha’rip mug’dari’nda) 1940-1960-ji’llarg’a shekem jigirma ji’l dawami’nda wori’s a’lipbesi 1960-ji’llarda (41-ha’rip mug’dari’nda) bu’gingi ku’nge shekem lati’n a’lipbesi menen qatar qollani’li’p kelmekte.

Ori’s a’lipbesi tiykari’ndag’i’, 1960-ji’ldan baslap, 41 ha’rip mug’dari’nda qollani’li’p kiyati’rg’an a’lipbe haqqi’nda tilshi ilimpazlar to’mendegishe pikirlerdi bildiredi: «qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ rus grafikasi’na wo’tiwi ekonomikali’q siyasiy ha’m ma’deniy jaqtan wog’ada u’lken a’hmietke ie boldi’. Rus grafikasi’ tiykari’nda jan’a alfavittin’ qabi’l yetiliwi mektepte woqi’ti’w islerinin’ jan’alati’wi’na, rus tilin u’yreniwdi jen’illestiriwge sebepshi boldi’.

Sanaatti’n’, awi’l xojali’g’i’, ilim ha’m texnikani’n’ rawajlani’wi’ menen qaraqalpaq tiline ko’plep kelip kirgen termin so’zlerdin’ bir qi’yli’ boli’p duri’s jazi’li’wi’ ta’miyinlendi.

Jan’a alfavittin’ qabi’l yetiliwi kitap basi’p shi’g’ari’w islerinin’ rawajlani’wi’na da u’lken jol ashi’p berdi»[1].

Qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’w bari’si’nda woni’n’ jazi’li’wi’ni’n’ tutqan worni’ salmaqli’. Qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ tariyxi’ haqqi’nda prof. D.S.Nasi’rovti’n’ bir qatar maqalalari’nda, ilimiy miynetlerinde so’z yetilgen. Mi’sali’: woni’n’ «qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’»

---

[1] Berdimuratov E., Da`wletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika, leksikologiya. No`kis, Qaraqalpaqstan, 1979, 151 bet.

dep atalg’an miynetinde[2] qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ turaqlasi’wi’na rawajlani’wi’na u’les qosqan adamlar, wolardi’n’ miynetleri haqqi’nda da atap wo’tedi. 1924-1929-ji’llarda paydalani’lg’an reformalasqan arab a’lipbesi tiykari’ndag’i’ qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ birinshi du’ziwshilerinen shayi’r ha’m jazi’wshi’ Seyfulg’abit Majitovti’ atap ko’rsetip, wol usi’ a’lipbe tiykari’nda «Egedeler sawati’», «A’lipbe», «Oqi’w kitabi’» si’yaqli’ sabaqli’qlarda baspadan shi’g’ari’wg’a, ken’ ja’miyetshilikke usi’ni’wg’a u’les qosqanli’g’i’n aytadi’. D.S.Nasi’rov tu’rkiy tillerdin’ alfaviti ma’selesine arnalg’an toplamda ja’riyalang’an maqalasi’nda da[3] qaraqalpaq jazi’w tariyxi’ haqqi’nda ken’irek mag’li’wmat beredi.

## 1.2. G’a’rezsizlik ji’llari’nda qaraqalpaq jazi’wi’ndag’i’ wo’zgerisler ha’m woni’n’ wori’nlani’wi’

O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ g’a’rezsizlikke yerisiwi menen woni’n’ siyasiy ja’mietlik turmi’si’ndag’i’ wo’zgerisler menen birge milliy jazi’wi’nda da wo’zgerisler ju’zege keldi.

1993-ji’ldan baslap O’zbekistan Respublikasi’nda lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a a’lipbe boyi’nsha bir qatar jumi’slar a’melge asi’ri’la basladi’. Bunda bir neshe maqsetler na’zerde tuti’ldi’.

Birinshiden du’nya ju’zindegi rawajlang’an ma’mleketlerdin’ ko’pshiligi lati’n jazi’wi’nan paydalanadi’. Bul du’nya ju’zinde rawajlang’an ma’mleketler menen turmi’sti’n’ ha’r qanday salasi’nda, soni’n’ ishinde ilim ha’m bilimlendiriwde de ten’dey qa’dem ati’wg’a bag’i’t bolatug’i’n bolsa, yekinshiden jazi’wi’mi’zdi’ jen’illestiriw, yele de a’piwayi’lasti’ri’w ma’selesi boldi’. Bul wo’z gezeginde O’zbekistanni’n’ qurami’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda da lati’n jazi’wi’ tiykari’ndag’i’ jan’a a’lipbeden

---

[2] Nasirov D.S. Stanovlenie i razvitie karakalpakskoy pis`mennosti. Nukus,. Karakalpakstan, 1987.

[3] Nasirov D.S. Ob usovershenstvovamnii i unpifikatsii alfavita karakalpakskogo yazika // «Voprosi sovershenstvovaniya alfavitov tyurkskix yazikov SSSR» , Moskva, 1972, 75-78 betler.

paydalani'wg'a tiykar boldi'. 1994-ji'li' 26-fevralda 31 ha'ripten ibarat jan'a qaraqalpaq a'lipbesi qabi'llani'p, bul a'lipbede bolsa bir qatar kemshiliklerdin' bar yekenligi ani'qlani'p, woni' yele de jetilistiriw za'ru'rligi payda boldi'.

Geypara wo'zgerisler kirgizilgen 32 ha'ripten ibarat lati'n jazi'wi' tiykari'ndag'i' jan'a qaraqalpaq a'lipbesi 1995-ji'li' 29-dekabrde qabi'l yetildi. Bul a'lipbede dawi'sli' seslerdi bildiriw ushi'n 9 ha'rip, dawi'ssi'z seslerdi bildiriw ushi'n jigirma u'sh ha'rip qabi'l yetildi. 1995-ji'li' qabi'l yetilgen a'lipbe boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler ken'esi «Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesine basqi'shpa-basqi'sh wo'tiw tuwrali'» 1995-ji'li' 25-avgusttag'i' qarari'nda to'mendegiler atap ko'rsetilgen yedi.

Birinshi shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqari' Ken'esinin' sessiyasi' qabi'l yetken «Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesin yengiziw haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqari' Ken'esinin' qarari'na wo'zgerisler kiritiw haqqi'nda Qaraqalpaqstan Joqari' Ken'esi basli'g'i'ni'n' 1995-ji'l 10-iyundegi 51-sanli' qarari'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi qarar yetedi:

1. Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesin yengiziw boyi'nsha Respublikali'q ma'mleketlik komissiya qurami' tasti'yi'qlansi'n.
2. Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesine basqi'shpa-basqi'sh wo'tiw boyi'nsha ma'mleketlik bag'darlama tasti'yi'qlansi'n.
3. Ministrler, ma'mleketlik komitetler, birlespeler, basqarmalar, ka'rxanalar basqa da ma'mleketlik ha'm xojali'q basqari'w uyi'mlari', ja'mietlik birlespelerde 1995-ji'l 10-iyun, 51-sanli' qarardi' basshi'li'qqa ali'p, woni' basqi'shpa-basqi'sh a'melge asi'ri'w ha'm bul jumi'sti'n' 2005-ji'lg'a toli'q wori'nlani'wi'n ta'miyinlesin.
4. Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q bilimlendiriw ministrligi, O'zbekistan Respublikasi' İlimler akademiyasi' Qaraqalpaqstan bo'limi, joqari' ha'm worta arnawli' woqi'w wori'nlari', baspaso'z boyi'nsha ma'mleketlik woqi'wli'qlar, metodikali'q qollanbalar ha'm basqa da bag'darlamada

belgilengen ta’rtipte basi’p shi’g’ari’w boyi’nsha tiyisli hu’jjetler wo’z waqti’nda baspadan shi’g’ari’wg’a ta’miyinlensin.[1]

1995-ji’li’ lati’n a’lipbesine wo’tiw bul 1928-ji’ldan keyin lati’n a’lipbesine yekinshi ret wo’tiw boli’p, bul yeki a’lipbe de ha’ripler sani’ birdey yag’ni’y 32 ha’rip. Lati’n tili bul wo’zi tiykari’nan wo’li til ha’m qa’liplesiw tariyxi’ boyi’nsha yeski tiller qatari’na kirip, biraq woni’n’ ha’riplerinen du’nyani’n’ ko’plegen xali’qlari’ paydalanadi’.

1993-ji’li’ qabi’l yetilgen ha’m 1928-1940-ji’llar arali’g’i’nda xalqi’mi’z wo’z jazi’wi’nda paydalang’an a’lipbelerdegi bir qatar wo’zgeshelikler haqqi’nda akad.A.Da’wletov to’mendegi pikirlerdi atap ko’rsetedi:

- Dawi’sli’lar boyi’nsha buri’ng’i’ a’lipbede *a’, wo, i’, u* ha’ripleri qollani’lsa, ha’zirgi a’lipbede wolarg’a *a’, wo’, i’, u* ha’ripleri sa’ykes keledi;

- Dawi’ssi’zlar boyi’nsha buri’ng’i’ a’lipbede *q, n, g* ha’ripleri qollani’lsa, ha’zirgi a’lipbede wolarg’a *ğ, ň, sh, ts* ha’ripleri tuwra keledi.

- Buri’ng’i’ a’lipbedegi *i* dawi’sli’ ha’ribi monoftong *(i*) ha’m diftongti’ (uw, ūw) an’latadi’.[1]

1993-ji’llarda qabi’l yetilgen lati’n a’lipbesine ha’zirgi zaman texnologiyalari’ni’n’ jedel rawajlani’p bari’wi’ za’ru’riyati’ sebepli wo’zgerisler kirgiziw talap yetildi.

Bul haqqi’nda A.Da’wletov wo’zinin’ bir qatar ilimiy maqalalari’nda bul haqqi’nda unamli’ pikirlerdi 2003-ji’llarda-aq mashqala si’pati’nda ko’terip shi’qqan yedi.

Mi’sali’, A.Da’wletov, Q.Atabaev penen birgelikte ja’riyalang’an maqalasi’nda[2] «…qaraqalpaq tilinin’ imlasi’nda yen’ basli’ wo’lshem (princip) fonetikali’q wo’lshem boli’p tabi’ladi’.

---

[1] Dospanov O. Lati’nsha qaraqalpaq a’lipbesin u’yrenemiz . Nokis, 2004, 4- bet.

[1] Da`wletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. No`kis. 1999. 382-bet.

[2] Da`wletov A., Atabaev Q. Qaraqalpaq tilindegi dawislilar singarmonizminin` imla qag`iydalarinda sa`wleleniwi ma`selesine // O`ZRIAQQB Xabarshisi jurnali. No`kis. 2004. №3-4, 127-bet.

İmla qag’i’ydalari’nda yerinlik w dawi’ssi’zi’ni’n’ aldi’na yeziwlik *i’, i* dawi’sli’lari’ yemes, mudami’ yerinlik *u, i, y* dawi’sli’lar jazi’ladi’ dep ko’rsetilgen qaraqalpaq tilinin’ singarmonizmine sa’ykes keledi.

Janli’ so’ylew tilinde *-i’w/-iw* qosarlari’ni’n’ joq yekenligin yesapqa ali’p, so’zlerdin’ barli’q buwi’ni’nda ushi’rasaqanda *-uw/-ūw* qosarli’lari’n saqlap jazi’w ha’m woni’ imlag’a qatan’ yendiriw qaraqalpaq tilinin’ basli’ seslik ni’zami’ bolg’an singarmonizmge muwapi’q islewi» dep ko’rsetedi.

2009-ji’ldi’n’ oktyabr ayi’nda u’shinshi shaqi’ri’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ joqari’ ken’esinin’ won to’rtinshi sessiyasi’nda «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda» g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw tuwrali’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ joqari’ ken’esinin’ qarari’nda to’mendegiler ko’rsetilgen yedi.

1. «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zami’ qabi’llansi’n ha’m qabi’llang’an waqi’ttan baslap ha’reketke yengizilsin.

2. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler ken’esi bir ay mu’ddetke wo’z sheshimlerin «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zami’na wo’zgeris ha’m qosi’mshalar yengiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na muwapi’qlasti’ri’lsi’n, Ministrler ha’m sho’lkemlerdin’ usi’ ni’zamg’a qayshi’ keletug’i’n normativlik hu’jjetlerinin’ qayta qarap shi’g’i’li’wi’ ha’m biykarlani’wi’n ta’miyinlesin.

3. 1996-ji’l 26-fevraldag’i’ «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zami’, 1994-ji’l 24-sentyabrdegi «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’, 1995-ji’l 10-iyuldegi «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’

Ni’zami’na wo’zgerisler ha’m qosi’mshalar kirgiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’ wo’z ku’shlerin joytqan dep tabi’lsi’n»[1] degen mazmundag’i’ qarari’ ja’riyalani’p, usi’ qarar tiykari’nda 6 punktten ibarat «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’ ja’miyetshilik na’zerine usi’ni’ldi’.

Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesindegi basli’ wo’zgerisler to’mendegilerden ibarat:

1. Rus tilinen yamasa basqa evropa tillerinen kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n kirillshe ***c*** ha’ripbi worni’na a’lipbedegi *s* ha’ribin kiritiw;

2. So’z basi’nda ye, *ye* ha’ribi rus yamasa basqa evropa tillerinen kirgen so’zlerde *ye* worni’na g’ana qollani’li’wi’ (elektr-elektr, ekran-ekran) al tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda bolsa ye jazi’lmay, wol *y* ha’m ye ha’riplerinin’ dizbegi arqali’ yag’ni’y ye ko’rinisinde jazi’ladi’ (yelec, yeki, yer ha’m t.b.).

3. So’z basi’nda jumsalatug’i’n wo ha’ribinin’ jag’dayi’ da ye si’yaqli’ boladi’. Sonli’qtan ***wo*** ha’ribi de so’z basi’nda tek rus yamasa evropa tillerinen kirgen so’zlerde (opera-orkestr t.b.) qollani’ladi’, al tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda yeki ha’rip penen, yag’ni’y (wo ko’rinisinde) (wot, woqpan, wol, woy) ha’m t.b. jazi’ladi’.

4. Tek tu’pkilikli so’zlerde g’ana jumsalatug’i’n wo’_ha’ribi de so’zdin’ basi’nda yesitiliwine qaray wo tu’rinde jazi’li’wi’ za’ru’r *(wol, wos, womir, wor, wokiniw* ha’m t.b.).

5. Ha’zirgi ha’rekettegi dawi’sli’*i’* ha’ribinin’ lati’nsha varianti’ni’n’ qaptali’nan apostraf qoyi’li’p, ì,i ayi’ri’li’p jazi’ladi’.

---

[1] Latin jaziwina tiykarlang`an qaraqalpaq a`lipbesin engiziw haqqinda»g`i Qaraqalpaqstan Respublikasi nizamina qosimshalar ha`m wo`zgerisler kirgiziw haqqindag`i Qaraqalpaqstan Respublikasinin` Nizami // G`a`rezsizlik ha`m nizam gazetasi, 2009-j, 30-noyabr` №32-33 (474-478).

6. Rus tili yamasa yevropa tillerinen kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n kirillshedegi **ch** worni’na *ch* ha’ribi *shash, shana, ash, shigit* si’yaqli’ so’zlerde, al *ch* ha’ribi *chex, chek, shexov* si’yaqli’ rus yamasa evropa tillerinen kirgen so’zlerde jumsaladi’.

Solay yetip, 2009-ji’l woktyabr ayi’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ joqarg’i’ ken’esinin’ won to’rtinshi sessiyasi’ qarari’ menen lati’n jazi’wi’ndag’i’ qaraqalpaq a’lipbesinde ja’mi ha’ripler sani’ 34, wolardan 9 ha’ribi dawi’sli’ seslerdi an’lati’w ushi’n, al 25 ha’rip dawi’ssi’z seslerdi an’lati’w ushi’n jumsaladi’.

Al 2011-ji’l 31-yanvar ku’ni Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler ken’esi ta’repinen «Ma’mleketlik til haqqi’nda»g’i’ O’zbekistan Respublikasi’ ni’zami’ni’n’ a’melge asi’ri’li’wi’ boyi’nsha Respublika komissiyasi’ni’n’, ma’mleketlik til haqqi’nda ni’zami’ni’n’ wori’nlani’wi’n ta’miyinlew boyi’nsha shara-ilajlar rejesi islep shi’g’i’ldi’.

Bunda qala, rayon, ha’kimlikleri, ministrlik, sho’lkemler ta’repinen, baspa so’z komiteti ta’repinen a’melge asi’ri’latug’i’n jumi’slar rejesi, a’sirese usi’ wo’zgerisler kiritilgen a’lipbe tiykari’nda ma’mleketlik normativ hu’jjetlerdin’ ju’ritiliwi, uli’wma bilim beretug’i’n mektepler ushi’n sabaqli’qlar, woqi’w qollanbalar, uli’wma bilimlendiriwde paydalani’latug’i’n kerekli a’debiyatlar, birinshi na’wbette imla qag’i’ydalari’, so’zliklerdi baspada ja’riyalaw ma’selesin qoydi’.

Bul a’lipbe boyi’nsha tilshi ilimpazlar woni’ maqullap, bir qatar ilimiy maqalalarda, baspa so’zde wo’z pikir usi’ni’slari’n bildirdi.

Akad.A.Da’wletov «a’lipbedegi wo’zgerisler-turmi’s talabi’» dep atalg’an maqalasi’nda. «A’dette a’lipbenin’ yen’ da’slepki joybari’ til biliminin’ usi’ tarawi’ boyi’nsha qa’nige adamlar ta’repinen du’zilip shi’g’i’li’p, taqi’lawg’a usi’ni’ldi’ ha’m ali’mlardi’n’, woqi’ti’wshi’lardi’n’ baspaso’z xi’zmetkerlerinin’ qurami’ndag’i’ qa’nigeler ta’repinen talqi’landi’.

Na’tiyjede a’dewir jetilisken qaraqalpaq a’lipbesi do’retildi. Bunda bir jag’i’nan qaraqalpaq tilinin’ wo’zinshelik wo’zgesheliklerin saqlap qali’wg’a,

yekinshi jag'i'nan basqa tuwi'sqan tu'rkiy tillerdin' jazi'wi'na jaqi'nlasti'ri'wg'a ha'reket yetildi»[1] dep wondag'i' wo'zgerislerdin' paydalani'wda abzalli'q ta'repleri so'z yetildi.

Al tilshi ilimpaz M.Ayi'mbetov «imlami'zdag'i' modernizaciya-da'wir talabi'» degen maqalasi'nda[2] jan'a a'lipbenin' informaciyali'q texnologiyalari' beyimleskenligi haqqi'nda wog'ada bahali', to'mendegishe pikirlerdi bildiredi:

«A'lemdegi ba'rshe tu'rkiy tillerdin' konstruksiyali'q du'zilislerinin' wo'zi beyimlesiwin sistema ju'zege kelgen wo'zgerisler menen jan'alani'wlarg'a mudami' beyimlesip turadi'. Solay yeken, basqa tu'rkiy tiller si'yaqli' qaraqalpaq tili de informaciyali'q texnologiyalarg'a beyimlesiwleri ni'zamli' qubi'li's» dep ko'rsetken yedi.

Al A.Da'wletov[3] jazi'wdi' jetilistiriwdin' ayi'ri'm mashqalalari' dep atalg'an maqalasi'nda bolsa ye, *wo, wo'* fonemalari' so'zdin' basi'nda mudami' diftong (qosarli' dawi'sli'lar) tu'rinde ayti'latug'i'n ilimiy derekler menen da'lillep ko'rsetedi.

Ha'zirgi ha'rekettegi lati'nlasti'ri'lg'an qaraqalpaq a'lipbesine jan'ada s, ch ha'riplerinin' kirgiziliwi ha'm ayi'ri'm dawi'sli' ha'riplerdin' jazi'li'wi'na wo'zgerisler kirgiziliw jag'daylari' haqqi'nda wo'z ilimiy ko'z-qaras pikirlerin da'lillewler menen ko'rsetip berdi.

Ha'rekettegi lati'n a'lipbesinin' ja'ne bir di'qqat awdararli'q ta'replerinen biri, wonda ha'riplerdin' izbe-iz jaylasi'w ta'rtibi 1993-1995-ji'llardag'i' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbeden pu'tkilley parqlani'p, al 1960-ji'llardag'i' wo'zgerisler kirgizilgen kirill a'lipbesindegi ha'riplerdin' jaylasi'w izbe-izligi

---

[1] Da`wletov A. A`lipbedegi wo`zgerisler - turmis talabi // «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi. 7-yanvar`, 2010, №3, (1884).

[2] [1]Ayimbetov M. Imlamizdag`i modernizatsiya-da`wir talabi // «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi. 21-aprel`, 2011, №10 (19043).

[3] Da`wletov A. Jaziwdi jetilistiriwdin` ayirim mashqalalari. // «Til ha`m a`debiyat » jurnali. No`kis, 2010, 3-8-betler

si’yaqli’ jaylasti’ri’ldi’ yag’ni’y a’lipbe A,A'  ha’riplerinen baslani’p ha’m  ch, sh ha’ripleri menen tamamlanadi’.

Haqi’yqati’nda da ha’reketten a’lipbe xali’qti’n’ awi’zeki so’ylew tilin jazba  til menen jaqi’nlasti’radi’ ha’m  bull a’lipbede xali’qti’n’ barli’q qatlami’ni’n’  sawatli’ tu’rde jaza ali’wi’na ja’rdem beretug’i’ni’ ani’q.

### Usi’ni’li’p woti’rg’an qaraqalpaqsha lati’n a’lipbesi

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **A a** | 10 | **J j** | 19 | **S s** | 28 | **O’ wo’** |
| 2 | **B b** | 11 | **K k** | 20 | **T t** | 29 | **I’ i’** |
| 3 | **C c** | 12 | **L l** | 21 | **U u** | 30 | **U’ u’** |
| 4 | **D d** | 13 | **M m** | 22 | **V v** | 31 | **G’ g’** |
| 5 | **E ye** | 14 | **N n** | 23 | **W w** | 32 | **N’ n’** |
| 6 | **F f** | 15 | **O wo** | 24 | **X x** | 33 | **Sh sh** |
| 7 | **G g** | 16 | **P p** | 25 | **Y y** | 34 | **Ch ch** |
| 7 | **H h** | 17 | **Q q** | 26 | **Z z** | | |
| 9 | **I’ i** | 18 | **R r** | 27 | **A’ a’** | | |

### Qaraqalpaqsha kirillsheden lati’n a’lipbesine sa’ykeslik kestesi

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Aa | Aa | 9 | Ee | YO, Yo,yo | 17 | Mm | Mm | 25 | Tt | Tt | 33 | Chch | Ch |
| 2 | A’a’ | A’a’ | 10 | Jj | Jj | 18 | Nn | Nn | 26 | Uu | Uu | 34 | Shsh | Sh |
| 3 | Bb | Bb | 11 | Zz | Zz | 19 | N’n’ | N’n’ | 27 | Ww | Ww | 35 | Shsh | Ch |
| 4 | Vv | Vv | 12 | İi | I’i | 20 | Oo | Oo | 28 | U’u’ | U’u’ | 36 | I’i’ | I’i’ |
| 5 | Gg | Gg | 13 | Yy | Yy | 21 | O’o’ | O’o’ | 29 | Ff | Ff | 37 | Ee | Ee |

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 6 | G’g’ | G’g’ | 14 | Kk | Kk | 22 | Pp | Pp | 30 | Xx | Xx | 38 | Yuyu | YU, Yu,yu |
| 7 | Ee | E, ye,e | 15 | Qq | Qq | 23 | Rr | Rr | 31 | Hh | Hh | 39 | Yaya | YA, Ya,ya |
| 8 | Dd | Dd | 16 | Ll | Ll | 24 | Ss | Ss | 32 | Tsts | Cc | | | |

## II Bap. Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w jollari’

Tilimizde ayi’ri’m lingvistikali’q terminler wo’z sinonimleri menen qatar yamasa birinshi worni’na yekinshisi jumsaladi’. Wolardan orfografiya termini de tilde imla tu’rinde qollani’ladi’.

Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’ arab, lati’n, wori’s, lati’n (1993) ha’m ha’zirgi ha’rekettegi lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an a’lipbeler tiykari’nda rawajlani’p, bu’gingi ku’nde belgili bir norma tiykari’nda qa’liplesti.

Turmi’si’mi’zdi’n’ ha’r qi’yli’ tarawlari’ni’n’ ilimnin’, basqa milletler, basqa tildegi xali’qlar menen siyasiy ekonomikali’q qatnaslardi’n’ ken’ jolg’a qoyi’li’wi’ menen tilimizge terminler, wo’zlestirmeler kelip kiriwi arqali’ da

jazi’wdi’, imla qag’i’ydalari’n jetilistiriw, wo’zgerisler kirgiziw za’ru’rligi payda boli’wi’ buni’ dawamli’, u’zliksiz qubi’li’s dep bahalawg’a boladi’. Sebebi imla qag’i’ydalari’ sawatli’ jazi’wdi’n’ birden bir wo’lshemi, ko’rsetkishi. Ani’g’i’raq aytqanda ma’mleketlik tilde jazatug’i’n, usi’ tilde pikirleytug’i’n adamni’n’ qay da’rejede sawatli’ yekenligi woni’n’ qa’tesiz, grammatikali’q kategoriyalardi’, birliklerdi wo’z worni’nda duri’s qollana ali’w, sawatli’ jazi’wi’ menen de belgilenedi.

Ma’mleketlik til haqqi’ndag’i’ ni’zamni’n’ wori’nlani’wi’nda imlani’n’ worni’ wog’ada salmaqli’.

Orfografiya termininin’ grekshe «duri’s jazaman», yag’ni’y duri’s jazi’w qa’delerin u’yretetug’i’n bo’lim yekenligi bizge ma’lim. Orfografiya – so’zlerdin’, wondag’i’ dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdin’ tu’bir ha’m qosi’mtalardi’n’, ma’nili ha’m ko’mekshi so’zlerdin’ qospa so’zlerdin’ bir qi’yli’ duri’s jazi’w qa’delerinin’ ji’ynag’i’.

Orfografiya woni’n’ a’hmiyetliligi haqqi’nda ilimiy a’debiyatlarda to’mendegi pikirler bildiriledi: «so’zlerdi duri’s jazi’wda wolardi’n’ ayti’li’wi’, yesitiliwi g’ana yesapqa ali’ni’p qoymastan, soni’n’ menen birge ayi’ri’m jag’daylar ko’zde tuti’ladi’. Atap aytqanda, ayi’ri’m so’zlerdin’ grafikali’q qadeler tiykari’nda ayti’li’wi’nday boli’p jazi’la beriliwi tildin’ tariyxi’na, jazi’wdi’n’ etimologiyali’q, morfologiyali’q, tradiciyali’q principlerine, yag’ni’y orfografiyali’q qadelerge baylani’sli’ boladi’»[1]

Orfografiyali’q normani’ qatan’ saqlaw tildin’ grammatikali’q normalari’n saqlaw menen ten’dey na’rse.

Qaraqalpaq tilinde bu’gingi ku’nge shekem bir neshe orfografiyali’q so’zlikler qa’deler ja’riyalandi’. Soni’ da ayri’qsha atap ko’rsetiw kerek, bul so’zlikler wol shi’qqan da’wirde xali’q qollani’li’p ati’rg’an a’lipbe tiykari’nda woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin yesapqa alg’an halda du’zildi.

---

[1] Berdimuratov Ye., Da`wletov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. No`kis, Qaraqalpaqstan, 1979, 152-bet.

Orfografiyali’q norma tildegi so’zlerdi xali’qti’n’ birdey formada jazi’wi’, yag’ni’y ha’r tu’rlilikke jol qoymaw. Sonli’qtan da orfografiyali’q normalar tiykari’nda sawatli’ ha’m duri’s jazi’w ma’selesi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ ha’zirgi jag’daydag’i’ yen’ a’hmiyetli ma’selelerinin’ biri.

Orfografiyali’q so’zliklerden ili’wma bilim beriw mekteplerinde ha’r bir woqi’wshi’ duri’s paydalana biliwi kerek.

Orfografiyali’q so’zlik orfografiyali’q qag’i’ydalar tiykari’nda du’zildi. Sonli’qtan wolardi’n’ arasi’nda birlik qatan’ saqlani’wi’ kerek.

Qaraqalpaq tilinde imla qa’deleri boyi’nsha da’slepki du’zilgen so’zlikler haqqi’nda prof.E.Berdimuratov: «Son’g’i’ da’wirde qaraqalpaq tilinin’ alfaviti menen orfografiyasi’ tarawi’nda wo’zgerisler payda boldi’. Qaraqalpaq tilinin’ alfaviti menen orfografiyali’q qag’i’ydalari’ jan’adan du’zilip, xali’qti’n’ sawatli’ ha’m duri’s jazi’w isi orfografiyali’q so’zlikke bolg’an talaplardi’ buri’ng’i’dan da artti’radi’»[1] rus alfaviti tiykari’ndag’i’ qaraqalpaq a’lipbesi menen 1852-ji’li’ A’.Nurmaxanova ha’m S.Nietullaevalar ta’repinen orfografiyali’q so’zlik du’zildi.[2]

1990-ji’llarg’a kelip wo’z ishine 44000 g’a jaqi’n so’zdi qamti’g’an orfografiyali’q so’zlik prof. D.S.Nasi’rovti’n’ redaktorli’g’i’nda shi’g’ari’lg’an yedi. Bul orfografiyali’q so’zlik 388-betke shekem berilip al kitapti’n’ 386-betinen baslap qaraqalpaq tilinin’ orfografiyali’q qa’deleri belgilengen. woni’ du’ziwshiler K.Ubaydullaev ha’m D.S.Nasi’rovlar boli’p yesaplanadi’.

1990-ji’ldag’i’ orfografiyali’q qa’delerde dawi’sli’lardi’n’ jazi’li’wi’, dawi’ssi’zlardi’n’ jazi’li’wi’, tu’bir so’zlerdin’ jazi’li’wi’, affikslerdin’ jazi’li’wi’, ko’mekshi so’zlerdin’ jazi’li’wi’, qospa so’zlerdin’ jazi’li’wi’, bas ha’riplerdin’ jazi’li’wi’, so’zlerdi wo’tkermelewdin’ imla qag’i’ydalari’, qatan’ ta’rtibi mi’sallar arqali’ ko’rsetilgen.[3]

---

[1] *Berdimuratov E., Da`wletov A.* Ha`zirgi qaraqalpaq tili. No`kis, Bilim, 1994, 168-bet.

[2] *Nurmaxanova A`., Niyetullaev S.* «Qaraqalpaq tilinin` orfografiyaliq so`zligi». No`kis, Qaraqalpaqstan, 1959.

[3] Qaraqalpaq tilinin` orfografiyaliq so`zligi. No`kis, Qaraqalpaqstan, 1990.

Uli’wma bilim beriw mekteplerinde 5-klasslari’nda Qaraqalpaq tili sabag’I’n woqi’ti’wda tek 2 saat aji’rati’lg’an, al 7-klasslarda I sherek V-VI klasslarda wo’tilgenlerdi ta’kirarlawda da 2 saat aji’rati’lg’an.

Al g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ imla qag’i’ydalari’ ha’m so’zliginde imla qag’i’ydalari’nda bir qatar wo’zgesheliklerdin’ bar yekenligin an’lawg’a boladi’. Mi’sali’ 1994-ji’li’ ja’riyalang’an «qaraqalpaq iliminin’ imla qag’i’ydalari’» nda[1] dawi’sli’lar singarmonizmnin’ yerin u’nlesligine sa’ykes so’zdin’ birinshi ha’m yekinshi buwi’nlari’nda qi’si’q, yeziwlik dawi’sli’lar jazi’ladi’. Mi’sali’, *bu’lbu’l, gu’mgu’m, uluwma, huquq, du’ldu’l* tu’rinde jazi’li’wi’n ushi’ratami’z.

1997-ji’li’ ja’riyalang’an «Qaraqalpaq tilinin’ imla so’zligi» nde de dawi’sli’lar singarmonizmindegi yerin u’nlesligi tiykari’nda so’zler jazi’lg’ani’ menen wo,o’ yerinlik dawi’sli’lari’ menen baslanatug’i’n tu’pkilikli so’zlerdin’ imlasi’ jazi’wda so’z basi’nda diftonglar menen jazi’li’wi’ itibarg’a ali’nbadi’.

Al qospa so’zlerdin’ jazi’li’wi’nda bolsa biz atap wo’tken bul yeki imla qag’i’ydalari’nda da uqsasli’qti’n’ bar yekenligin ko’remiz. Mi’sali’ da’slepki imla qag’i’ydalari’nda *hesh, ha’r, bir, gey, ha’mme, a’lle* so’zlerinen bolg’an qospa so’zler qosi’li’p jazi’lsa, bul 1997, 1994-ji’llardag’i’ imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha bul atap wo’tilgen so’zlerge almasi’qlar ha’m ra’wishler dizbekleskende birigip jazi’li’wi’ atap wo’tilgen.[2]

Al Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqari’ ken’esinin’ «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda» g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw tuwrali’ 2009-ji’ldi’n’ 8-oktyabrinde qabi’l yetilgen qarari’na muwapi’q lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler ken’esi sho’lkemlestirilgen komissiyasi’ni’n’ sheshimi menen du’zilgen jumi’sshi’ topar ta’repinen imla qag’i’ydalar qayta du’zildi. Bul «qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’

---

[1] Da`wletov M., Da`wenov E. Qaraqalpaq tilinin` imla so`zligi. No`kis, 1997.

[2] Qaraqalpaq tilinin` imla qag`iydalari. No`kis, 1994.

ji’ynag’i’»na[1] juwapli’ redaktor akademik A.Da’wletov imla qag’i’ydalari’n du’ziwshiler A.Da’wletov, M.Da’wletov, M.Qudaybergenovlar. Ha’rekettegi lati’n a’lipbesi tiykari’ndag’i’ qaraqalpaq jazi’wi’ boyi’nsha du’zilgen qaraqalpaq imla qag’i’ydalari’ ji’ynag’i’ni’n’ kirispesinde to’mendegishe pikirler bayanlang’an: «Bunda K.Ubaydullaev, D.S.Nasi’rovlar ta’repinen du’zilgen qaraqalpaq tilinin’ alfaviti ha’m orfografiyali’q qa’delerinin’ ji’ynag’i’ ha’m usi’ tiykarda tayarlang’an M.Da’wletov, B.Qutli’muratovlardi’n’ redaktorli’g’i’nda baspadan shi’qqan «Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’» paydalani’ldi’.

Son’g’i’ jigirma ji’lg’a shamalas jazi’w ta’jiriybesi jan’a lati’nlasti’ri’lg’an qaraqalpaq a’lipbesinin’ a’dewir jetilistirilgen a’lipbe boli’wi’na qaramastan, wog’an ayi’ri’m wo’zgerislerdin’ kirgiziliwi, ayi’ri’m ha’riplerdi qosi’msha wo’zgerisler kirgiziw kerekligi ma’lim boldi’ dep ko’rsetedi. Bul imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’na itibar qaratsaq, ko’pshilik qagi’ydalardi’n’ wo’zgerissiz ali’ng’anli’g’i’n ko’remiz.

İmla qag’i’ydalari’ ji’ynag’i’ wo’z ishine buri’ng’i’ imla qag’i’ydalari’ da’stu’rlerine su’yengen halda u’lken temalardi’n’ ishinde ha’r bir ani’qlama, imla qag’i’ydasi’ izbe-izliktegi sanlardi’ paragraflar arqali’ beriw menen ko’rsetilgen.

Wonda lati’n a’lipbesine yerinlik dawi’sli’lardi’n’ jazi’li’w wo’zgesheliklerine baylani’sli’ 7-8-9 paragraflarda bir qatar wo’zgerisler kirgizilgenligin ko’riwimizge boladi’.

Mi’sali’ 1990-ji’li’ ja’riyalang’an K.Ubaydullaev ha’m D.S.Nasi’rovlar ta’repinen ja’riyalang’an orfografiyali’q qadeler wo yerinlik dawi’sli’si’ni’n’ jazi’li’wi’ boyi’nsha qag’i’ydada: wo ha’ribi wo*t, wor, woti’n, wocherk, worgan, wopera, woblast, woraq, wol* si’yaqli’ so’zlerde so’zdin’ basi’nda, qora, tol, tonna si’yaqli’ so’zlerde wortasi’nda, radio, kino, zveno qusag’an so’zlerde so’zdin’ aqi’rg’i’ buwi’ni’nda jazi’la beredi dep ko’rsetse, al ha’zir

---

[1] Qaraqalpaq tili imla qag`iydalarinin` jiynag`i. No`kis, Bilim, 2011.

ha’rekettegi lati’nlasqan qaraqalpaq tiykari’nda du’zilgen imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’nda wo ha’ribinin’ jazi’li’wi’ boyi’nsha to’mendegishe si’patlama beriledi.

«Bul ha’rip *(o)* ashi’q, juwan, yerinlik dawi’sli’ni’ an’latadi’, wol jumsali’wi’ jag’i’nan sheklengen. So’zlerdin’ wortasi’nda yesitilgen wori’nlari’nda jazi’ladi’ wonda  da tek bir buwi’nli’ so’zlerde so’zlerdin’ birinshi buwi’ni’nda g’ana jazi’ladi’: *qol, bol, jol, wol, wor, sora, sorpa, wolar* t.b.

So’zlerdin’ yen’ basi’nda wori’s tilinen wo’zlestirilgen so’zlerdin’ pa’tli buwi’nda kelgeninde wo sesin an’lati’w ushi’n jumsaladi’: wo*pera,  woda, woblast,* wo*ptika* t.b. al pa’tsiz buwi’nda kelgeninde a sesin an’latadi’ wo*dekolon,* wo*nomastika, worator* t.b. Sonday-aq ko’p buwi’nli’  *palto, radio, foto* si’yaqli’ so’zlerdin’ aqi’ri’nda, *ha’m azon, gazon, patefon* si’yaqli’ so’zlerdin’ wortasi’nda son’g’i’ buwi’ni’nda jazi’ladi’» dep ko’rsetilgen. Biraq bir di’qqat awdararli’q ta’repi lati’n a’lipbesinde (2009j) ayi’ri’m dawi’sli’ seslerdin’ soni’n’ ishinde yerinlik *i, wo* sesinin’ so’zdin’ basi’nda, tu’pkilikli so’zlerde keliwine qaray wo ha’ribinin’ aldi’nda *w (w)* sesinin’ qosi’li’p jazi’li’wi’ haqqi’nda hesh qanday ga’p bolmag’an. Bul belgiler ye, *wo’* yerinlik dawi’sli’lari’na tiyisli bolsa da  tu’pkilikli  so’zlerde ye, *wo’* so’z basi’nda jazi’li’wi’ kerekligi imlada ayti’lmag’anli’g’i’n ko’remiz.

Usi’ imla qag’i’ydalari’ni’n’  ji’ynag’i’nda (2011) dawi’sli’ ha’riplerdin’ jazi’li’wi’ bo’liminde de 10 paragrafta buri’ng’i’ imladan bir qatar wo’zgerisler menen berilgen. 1990-ji’lg’i’ imla qag’i’ydalari’nda *i’y, iy, uw, u’w, iw, i’w* qosarli’lari’ni’n’ jazi’li’wi’ ha’r bir jubaylas mi’sali’, (i’y-iy) wo’z aldi’na punkt tu’rinde berilse, bul ji’ynaqta bul qosarli’lardi’n’ jazi’li’wi’ni’n’ barli’g’i’ni’n’ bir punktke biriktilirgenligin ko’remiz.

Al dawi’ssi’zlardi’n’ jazi’li’wi’nda bolsa *ts, ch* ha’riplerinin’ so’z qurami’nda jazi’li’wi’ boyi’nsha arnawli’  qag’i’ydasi’z ta’rtibi ko’rsetilgen. Al ye, *wo, wo’*  ha’riplerinen baslanatug’i’n tu’pkilikli so’zlerge *y, w* seslerinin’

aldi'na qosi'li'p jazi'li'w qag'i'ydasi' 27 punkt *y* ha'ribi, 26 punkt *–w* ha'ribi ushi'n ani'qlamalarda berilgen.

Ha'rekettegi lati'n a'lipbesi tiykari'nda du'zilgen qaraqalpaq tili imla qag'i'ydalari'na wonda sa'wlelengen ma'seleler, wo'zgerisler haqqi'nda akad. A.Da'wletov «qaraqalpaq tili imla qag'i'ydalari'ni'n' ji'ynag'i'»na qi'sqasha tu'sinik» dep atalag'an ilimiy maqalasi'nda to'mendegi pikirler bildiredi:

«ha'rekettegi a'lipbege qosi'msha *s ch (ts, ch)* ha'ripleri kirgizildi. *s ch* dawi'ssi'z seslerinin' qaraqalpaq tilindegi jag'dayi' pu'tkilley birdey: bulardi'n' yekewi de birikpeli affrikat, u'nsiz dawi'ssi'z sesler. Bulardi'n' yekewi de wori's tilinen bir da'wirde kirgen so'zlerde jumsalatug'i'n sesler»[1].

Bul maqalada kirilshe *sh, sh, ch* ha'ripleri xi'zmetin *sh* ha'ribinin', *ts* ha'ribinin' *ts* birikpesi arqali' bildiriliwi naduri's yekenligi ko'rsetilgen.

Al ayi'ri'm ha'riplerdin' *(i') I' i'* ha'ribinin' u'sh yelementi (*I'*) tu'rinde kompyuter texnologiyasi' ushi'n jazi'wda a'piwayi'lasti'ri'w, jen'illestiriw maqsetinde ali'ng'anli'g'i', al ye, *wo, wo* tu'rindegi qosarli'lari'ni'n' qollani'li'w wori'nlari' ilimiy tiykarda da'liyiller menen bildirildi.

Ma'mleketlik tillerdin' wori'nlani'wi'nda imla qag'i'ydalari'ni'n', imla so'zliginin' xi'zmeti u'lken. Sebebi wol ha'zirgi ha'rekettegi lati'nlasqan qaraqalpaq a'lipbesinde ken' ja'mietshiliktin' sawatli' jaza ali'wi'n, jazba sawatli'li'g'i'n ta'miyinleytug'i'n teoriyali'q derek wazi'ypasi'n atqaradi' dep yesaplaymi'z.

## 2.1.Woqi'wshi'larg'a qaraqalpaq tili orfografiyasi'ni'n` principlerin tu'sindiriw

[1] Da`wletov A. «Qaraqalpaq tili imla qag`iydalarinin` jiynag`i» na qisqasha tu`sinik // Erkin Qaraqalpaqstan gazetasi. 24-mart, 2011, №32 (19031).

Ha'r qanday tildin' imlasi' sol tildin' wo'zinshelik wo'zgesheliklerin yesapqa alg'an halda belgili tillik  principlerge su'enedi, woni' basshi'li'qqa aladi'. Bul boyi'nsha ilimiy a'debiyatlarda: «Orfografiyali'q qag'i'ydalardi' du'zgende fonetikali'q, morfologiyali'q (etimologiyali'q) tariyxi'y (tradiciyali'q) differen-caciya principlerine tiykarlanadi'»[2] dep ko'rsetedi. Bul principlerdin' ha'r birinin' biri yekinshisi parqlap turatug'i'n belgilerine iye. Mi'sali' fonetikali'q princip boyi'nsha  so'zlerdegi  ha'ripler wolardi'n' ayti'li'wi' menen  sa'ykes keledi.

Morfologiyali'q princip termini yekinshi bir atama menen etimologiyali'q princip dep te ju'ritiledi.

Al tilimizde  jazi'wda ha'm so'ylewde ten'dey, qatara  jumsalatug'i'n samal-shamal si'yaqli' so'zler bolsa tariyxi'y yamasa tradiciyali'q (da'stu'riy) principke  tiykarlanatug'i'nli'g'i' bizge ma'lim.

Qaraqalpaq tili imla principleri jo'ninde tilshi ilimpaz M.Da'wletovti'n' da son'g'i' ji'llarda ja'riyalang'an bir qatar ilimiy maqalalari'n atap wo'tiwimizge boladi'.

1994-ji'lda 26-fevralda qabi'l yetilgen lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi tiykari'nda imla qag'i'ydalari' islenip, wol Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' 1995-ji'l 30-dekabrdegi qarari' menen tasti'yi'qlandi' ha'm 1996-ji'ldi'n' birinshi yari'mi'nda bilim basi'pasi'nan shi'qti'. Bul imla qag'i'ydalari'nda D.S.Nasi'rov, K.U.Ubaydullaevlar ta'repinen du'zilgen imla qag'i'ydalari'nan  wo'zgeshe, kiritilgen wo'zgerisler haqqi'nda ayti'li'p, bul imla qag'i'ydalari'n toli'qti'ri'p, jetilistiriwi za'ru'r wori'nlar  bar yekenligin maqala  avtori' ayi'ri'qsha atap wo'tedi.

M.Da'wletov wo'zinin' «qaraqalpaq orfografiyasi'ni'n' principleri», dep atalg'an ilimiy maqalasi'nda belgili tu'rkolog K.M.Musaevti'n' pikirlerin

---

[2] *Da`wletov M.* Latin jaziwina tiykarlang`an imlani  toliqtirip  jetilistiriwge  qatnasi ma`seleleri // O`ZIAQQB Xabarshisi.

basshi’li’qqa ali’p, biz joqari’da atap wo’tken (fonetikali’q, morfologiyali’q tariyxi’y) principler menen birge:

- morfologiya-fonetikali’q
- fonematikali’q
- fonetika-morfologiyali’q
- semantikali’q
- differentsatsiya principi
- tu’sinik principlerine[1] su’yeniw kerekligin mi’sallar menen da’lillep ko’rsetedi. Bul atap wo’tilgen principler qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’ni’n’, usi’ tiykarda imla so’zliginin’ du’ziliwinde atap wo’tilgen principlerden qatan’ basshi’li’qqa ali’w za’ru’rligi haqqi’nda wo’z pikirlerin bildiredi. Mi’sali’ fonetikali’q principke ja’ne de ani’qli’q kirgizilip, ha’zirgi lati’n jazi’wi’na (1994) tiykarlang’an imla qag’i’ydalari’ndag’i’ dawi’ssi’z ha’m dawi’sli’ ha’riplerge jeke-jeke fonetikali’q si’patlama berip, wolar wo’z ishinde barli’q yesitilgen wori’nlarda jazi’la beredi dep qag’i’yda beriwimiz duri’s dep ko’rsetedi. Al morfologiyali’q princip so’zlerdin’ morfologiyali’q qurami’ni’n’ birgelikli saqlani’p jazi’li’wi’ talap yetedi. Bul principtin’ talabi’ boyi’nsha morfemalardag’i’ assimilyaciyali’q qubi’li’slar yesapqa ali’nbaydi’. Bunda tiykari’nan tu’bir ha’m qosi’mtalardi’n’ da’slepki shi’g’i’si’ saqlanadi’.

Fonetika-morfologiyali’q princip boyi’nsha maqala avtori’ (A.Da’wletov) to’mendegi mag’li’wmatlardi’ beredi. Bul princip qaraqalpaq jazi’wi’nda 1932-ji’lg’i’ qabi’l yetilgen imla qag’i’ydalari’nda qollani’ladi’. Bul princip talabi’ boyi’nsha 1937-ji’lg’a deyin fonetikali’q princip tiykari’nda jazi’lg’an *kitab, mekteb, Yelmuratov* si’yaqli’ so’zlerdin’ aqi’ri’ndag’i’ u’nli dawi’ssi’z *b* sesinin’ worni’na u’nsiz dawi’ssi’zdi’ bildiretug’i’n *p* ha’ribi jazi’latug’i’n boldi’.

[1] Da`wletov M. Qaraqalpaq orfografiyasinin` principleri// O`ZRIAQQB Xabarshisi, 2007. 106-109-betler.

**Morfologiyali’q-fonetikali’q princip** – qaraqalpaq jazi’wi’nda 1938-ji’lg’i’ qabi’l yetilgen imla qag’i’ydalari’nda qollani’li’p, woni’n’ talabi’ boyi’nsha *u, u’, wo, wo’* ha’ripleri jazi’wda ko’p buwi’nli’ so’zlerdin’ tek birinshi buwi’ni’nda jazi’ladi’ da son’g’i’ buwi’nlarda wolardi’n’ u’nlesiw ta’siri yesapqa ali’nbay, yeziwlik dawi’sli’lar jazi’ladi’. Sonday-aq maqala avtori’ morfologiyali’q- fonetikali’q principtin’ 1940-ji’lg’i’ wori’s grafikasi’na tiykarlang’an imlada da wo’zgerissiz saqlani’p qalg’anli’g’i’n aytadi’.

**Fonetikali’q princip** – bul princip talabi’ boyi’nsha imla qag’i’ydalari’ so’z ha’m morfemalardag’i’ seslerdin’ ayti’li’wi’na qaray yemes, al fonemalarg’a tiykarlani’p jazi’ladi’. Mi’sali’ *arab, Xalqabad* so’zlerinin’ awi’zeki so’ylewde u’nsiz r,t *(arap, Xalqabat)* tu’rinde ayti’lsa da, wol jazi’wda itibarg’a ali’nbaydi’.

**Fonematikali’q princip** – bul seslerdin’ ayti’li’wi’ wo’zgesheligi jazi’wda yesapqa ali’nbaydi’.

**Tariyxi’y–traditsiyali’q** principte so’zler da’slepki shi’g’i’si’ndag’i’ jazi’wi’na tiykarlani’p jazi’ladi’.

Al qospa so’zlerdin’ imlasi’ bolsa ***semantikali’q*** **principke** tiykarlanadi’.

Differencaciya principke formasi’ bir, ma’nisi ha’r tu’rli so’zlerdin’ (omonimler) jazi’li’wi’ tiykarlanadi’.

**Tu’sinik principi** bolsa semantikali’q principke wog’ada jaqi’n, sebebi bul princip talabi’ boyi’nsha yeki yamasa bir neshe so’zler bir tu’sinikke iye boli’p kelse, qosi’li’p jazi’li’wi’ na’zerde tuti’ladi’. 2011-ji’li’ «Bilim» baspasi’nda ja’riyalang’an «Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’»[1] joqari’da atap wo’tilgen orfografiyali’q principlerge negizlenip du’zilgen, woni’n’ ni’zamli’li’qlari’ basshi’li’qqa ali’ng’an.

---

[1] Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’. No’kis, Bilim, 2011.

## 2.2. Uli'wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani' woqi'ti'w ma`seleleri

1994-ji'li' qabi'l yetilgen lati'nlasqan qaraqalpaq jazi'wi' basqi'shpa-basqi'sh a'melge asi'ri'li'w za'ru'rligi siyasiy bag'dardag'i' a'debiyatlarda atap wo'tilgen bolsa, bu'gingi ku'nge shekem usi' jazi'w menen bir qatarda kirill a'lipbesi de ten'dey qollani'li'p kelmekte.

Al, uli'wma bilim beretug'i'n ma'kemelerde toli'g'i' menen baslawi'sh klasslardan baslap milliy klasslarda lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jazi'wda bilim beriledi.

Ko'pshilik ilimiy, metodikali'q miynetler, sabaqli'qlar, qollanbalardi'n' bu'gingi ku'nge shekem usi' a'lipbede ja'riyalani'p ati'rg'anli'g'i' bizge ma'lim. Sog'an qaramastan ma'mleketlik tillerdin' til ni'zami'ni'n' wori'nlani'wi'nda yele ko'plegen wazi'ypalardi'n' bar yekenligin prof. Wo.Dospanov to'mendegi ilimiy maqalasi'nda bi'lay ko'rsetedi: «Ma'mleketlik til ni'zami'ni'n' respublika-mi'zdag'i' uli'wma bilim beretug'i'n worta arnawli' ha'm joqari' woqi'w wori'nlari', baspaso'z, radio, televidenie xi'zmetkerleri, uli'wma ja'miyetshiligi-miz ta'repinen sheshiletug'i'n ko'plegen mashqalalar aldi'mi'zda ku'tip tur»[1] Wol wo'z maqalasi'nda ma'seleni ko'ldenen' wortag'a qoyadi'.

1.30-ji'llarda qaraqalpaq tilin izertlegen ilimpazlar N.A.Baskakov, S.E.Malov, Ye.D.Polivanov ha'm t.b. miynetlerin wo'z aldi'na kitap yetip baspadan shi'g'ari'w.

2. Nawayi' wa'layati'ndag'i' qaraqalpaq milleti wa'killerine metodikali'q qollanbalardan ja'rdem beriw;

3. Respublikami'zda terminologiyali'q komitettin' qaytadan ashi'li'w za'ru'rligi.

Qaraqalpaq tilinin' imla so'zliginde bizge ma'lim bolg'ani'nday bir qatar xali'qarali'q terminler qaraqalpaq tilinin' so'zlik bayli'g'i'na wo'tiw menen,

---

[1] Dospanov O. Ma`mleketlik til nizaminin` geypara ma`seleleri // Yerkin Qaraqalpaqstan gazetasi. 30-noyabr`, 2010-jil, №143 (18981).

woni’n’ ishki ni’zamli’li’qlari’na boysi’ni’p ha’r qi’yli’ so’z jasawshi’ affikslerdi qabi’l yetip jan’a so’z jasaw wo’zgesheliklerine de iye boli’p, wolar da so’zlikte wo’z ko’rinisin tabadi’. Biraq tilimizde terminlerdi paydalani’wda da ana tilimizdin’ imkaniyatlari’nan kelip shi’g’i’p, tildin’ ishki ha’m si’rtqi’ rawajlani’w ni’zamli’li’qlari’n a’melge asi’ri’w, wolardi’n da imlada duri’s jazi’li’w, tilimizdin’ wo’zine ta’n milliy wo’zgesheliklerine sa’ykes tu’rde jazi’w qag’i’ydasi’na beyimlestiriw u’lken a’hmiyetli wazi’ypa boli’p sanaladi’.

Al baspaso’zde rus tilinen ha’m rus tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerdi ha’dden ti’s ko’p qollani’w qolaysi’zli’qlardi’ payda yetedi.

Demek sa’ykes wo’z tillik so’zlerimizdi jazg’anda da xali’qarali’q terminlerden paydalang’anda da imla qag’i’ydalari’na boysi’ni’w, wondag’i’ ta’rtipti basshi’li’qqa ali’w za’ru’r.

Bu’gingi ku’nde 1994-ji’li’ qabi’l yetilgen lati’n a’lipbesinde Respublikami’zdag’i’ sanawli’ g’ana gazeta-jurnallar baspadan shi’g’ari’ldi’. Mi’sali’ «Jetkenshek», «Ustaz joli’» (eki tilde) shi’g’ari’li’p, ayi’ri’m maqalalardi’n’ lati’n a’lipbesinde shi’g’arli’wi’n ko’remiz.

Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ u’yreniwde usi’ baspaso’z materiallari’nan da wori’nli’ paydalani’w kerek.

Al «Erkin Qaraqalpaqstan», «G’a’rezsizlik ha’m Ni’zam», «Qaraqalpaqstan jaslari’» ha’m t.b. gazeta-jurnallar kirill a’lipbesinde ja’riyalanadi’.

Al ma’mleketlik tildin’ baspaso’zde sa’wleleniwinde wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri haqqi’nda Z.Worazi’mbetova ha’m N.Yangibaevalar to’mendegilerdi atap ko’rsetedi: «1940-ji’ldan baslap qaraqalpaq tilinin’ rus a’lipbesine wo’tiwi bir qatar jag’daylardi’ payda yetti.

1. Xali’qqa tu’sinikli bir qatar so’zlerdin’ arxaizmge aylani’wi’;

2. Milliy tilimizdin’ wo’zine ta’n fonetikali’q, morfologiyali’q wo’zgesheliklerdin’ jasali’wi’na ha’m t.b. halatlarg’a ali’p keledi. Usi’ si’yaqli’

halatlardi’n’ ta’sirinde baspaso’z tili  a’ste aqi’ri’nli’q  penen qa’liplesip bardi’»[1].

Demek baspaso’z - bul xali’qti’n’ aynasi’. Sonli’qtan ma’mleketlik tillerdin’ wori’nlani’wi’nda bilimlendiriw salasi’nda, uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ u’yreniwde imla qa’deleri teren’ di’qqat itibarda boli’wi’, qa’teliklerge jol qoymawi’ kerek. Sebebi ken’ ja’miyetshilik, soni’n’ ishinde mektep woqi’wshi’lari’ baspaso’z materiallari’ menen ku’ndelikli turmi’sta jedel tani’si’p bari’wi’, wondag’i’ jazi’w ha’m jazi’w qa’delerinin’ de sol turi’si’nda qabi’l yetiwin ta’miyinleydi.

Orfografiya  «İmla ha`m fonetika» degen tema menen atali’p 5-klassta ha`m 7-klasslarda  u`yreniledi. Wog`an mektep sabaqli’qlari’nda tek 2 saat aji’rati’lg`an. Degen menen qaraqalpaq tili pa`ni woqi’ti’wshi’si’ imlani’ woqi’ti’w metodikasi’nda diktant jumi’slari’n ali’wda, yerkin temada shi’g`arma jumi’si’n, bayan jumi’slari’n jazdi’ri’w bari’si’nda jazi’wi’nda, orfografiyada ketken ha’r bir qa`te u`stinde woqi’wshi’ menen islesiwi kerek. Bul woqi’wshi’g`a qa`tesiz, sawatli’ jazi’wi’nda u`lken ja`rdem tiygizedi. Bunda to`mendegilerge itibar qaratqan maqul.

1.Ha`riplerdin` qa`tesiz, duri’s jazi’li’wi’na, suli’w sali’ni’wi’na;

2. Dawi’sli’ ha`riplerdin` jazi’li’wi’na;

3. Dawi’ssi’z ha`riplerdin` jazi’li’wi’na;

4. Tu`bir ha`m qosi’mtalardi’n` imlasi’na;

5. So`zlerdin` kosi’li’p, defis arqali’ bo`lek jashi’li’w qag`i’ydalari’n u`yretiw;

6. Birikken so`zlerdin` jazi’li’wi’;

---

[1] Worazimbetova Z.,  Yangibaeva N. Qoraqalpoq matbuati tilining  shakllanishida boshqa tillarning ta`siri. // Mug`allim ha`m u`zliksiz  bilimlendiriw. No`kis (ilimiy-metodikaliq jurnal, 2007,№6, 49-53-betler.

7. Bas ha`m kishi ha`riplerdin` jazi'li'w wori'nlari';

8. So`zlerdin` wo`tkermelew jag`daylari';

9. Grafikali'q qi'sqarg`an so`zlerdin` jazi'li'wi'.

Woqi'wshi' orfografiyani' u`yreniwde orfografiya menen orfoepiyani'n` bir-birinen wo`zgesheligin aji'rati'p biliwi kerek. Bul ushi'n, mi'sali'.

7-klassti'n` qaraqalpaq tili sabaqli'g`i'nda[1] «Fonetika ha`m imla» temasi' bul ta`kirarlawsabag`i' berilip, wonda 9-shi'ni'g`i'wda imla qag`i'ydasi' boyi'nsha shi'ni'g`i'wdi' wori'nlaw wazi'ypasi' tapsi'ri'lg`an.

Shi'ni'g`i'w sha`rti to`mendegishe: Berilgen tu`bir so`zlerge dawi's ishindegi qosi'mtalar qosi'lg`anda awi'zeki so`ylewdagi wo`zgeriske ushi'raw sebebin ayti'n` ha`m wolardi' imla qag`i'ydalari' boyi'nsha duri's jazi'n`.

1) Bul tapsi'rmani' wori'nlaw ushi'n woqi'wshi'larg`a kespe qag`az tarqatami'z. Kespe qag`azda orforgafiya ha`m orfoepiyali'q qadelerge sa`ykes so`zler aralas beriliwi kerek. Al taxtani' wortadan bir si'zi'q penen bo`linip woqi'wshi'lar sol normalarg`a tiyisli so`zdi, tiyisli qatarg`a jazi'w kerek boladi'.

| **Orfografiyali'q wo'zgesheligi** | **Orfoepiyali'q wo'zgesheligi** |
|---|---|
| basshi' | bashshi' |
| qosshi' | qoshshi' |
| duzshi' | dushshi' |
| du'zsin | du'ssin |
| qozsi'n | qossi'n |
| janbadi' | jambadi' |

[1] Da`wenov A. , Da`wletov M. Qaraqalpaq tili. 7-kl. ushi'n sabaqli'q. No`kis, Bilim, 2000, 6-bet.

| | |
|---|---|
| ko’nbedi | ko’mbedi |
| Qurbanbay | Qurbambay |
| A’denbay | A’dembay |

2) Bul tapsi’rmani’ wori’nlap bolg`annan son` woki’ti’wshi’ ta`repinen 15 so`z awi’zsha woqi’ladi’, woni’ diktant si’yaqli’ ha`r bir woqi’wshi’ jazi’p aladi’. Bul so`zler woqi’wshi’lardi’n` jazi’wi’ ushi’n qi’yi’nshi’li’q tuwdi’ratug`i’n, woylandi’ratug`i’n so`zler boli’wi’ tiyis. Mi’sallardi’ to`mendegishe tan`lap ali’w mu`mkin. Mi’sali’:

Respublika
konstitutsiya
jemper
omonim
ayri’qsha
ta`miyinlensin
diyxan
puqara
Xalqabad
Qarao`zek
shekshek
traktor
Embergen
Nuratdin
tariyxi’
huqi’q ha`m t.b.

Bul so`zlerdi jazi’p bolg`annan son` woqi’ti’wshi’ «Bir-birimizge ja`rdem» woyi’ni’n wo`tkeredi. Bunda woqi’wshi’lar da`pterlerin bir-biri menen almasti’ri’p, bir-birinin` qatelerin wo`zleri tabadi’. Al woqi’ti’wshi’ wo`zlerdin`

yen` duri’s. Ani’q jazi’li’wi’n shi’ni’g`i’w son`i’nda taxtag`a jazadi’ ha`m wolardi’n` jibergen qa`telerin ani’qlap, an`lap ali’wi’ ushi’n waqi’t beriledi.

3. Orfografiya temasi’ boyi’nsha sorawlar  juwaplar» woyni’ da wolardi’n` orfografiyali’q bilimlerin artti’ri’wg`a ja`rdem beredi.

Mi’sali’, bul woyi’n sha`rti boyi’nsha woqi’ti’wshi’ ha`r bir woqi’wshi’g`a bir-birewden soraw beredi, woqi’yashi’lardi’ sani’na qaray 2 toparg`a bo`lip, juwaplardi’ 2 plakatqa mi’sallari’ menen jazi’w tapsi’rmasi’ beriledi. Sorawlar to`mendegi ta`rtipte du`ziledi:

1.Orfografiya so`zi qaysi’ tilden ali’ng`an?

2. Tilimizde orfografiyali’q so`zlikler bar ma?

3. Orfoepiya so`zi qanday  ma`nisti an`latadi’?

4. Ta`g`dir, ta`sir so`zleri qalay estiledi?

5. a`-de-biy, a`-sen-bay degen so`zlerde bir sesti wo`tkermelewge bola  ma?

6. Yeger qi’sqarg`an so`zlerge qosi’mtalar qosi’lsa woni’ wo`tkermelewge bola ma?

7. Birlesken milletler sho`lkemi dep jazi’w  duri’s pa?

8. «O`zbekistan  Qaharmani’» degen ataq ati’ duri’s jazi’lg`an ba?

4.Usi’ si’yaqli’ sorawlardan son` taxtani’ yekige bo`lip si’zi’p wotkerme boyi’nsha to`mendegi shi’ni’g`i’wdi’ wori’nlaw mu`mkin.

| **Wo’tkermelewge boladi’** | **Wo’tkermelewge bolmaydi’** |
| --- | --- |
| Aq –sha-gu’l | A’-niy-pa |
| Qa-ra-qal-paq | 7-kl |
| | 5 - m |
| | AN-2 |

Gaz-53

Nawri’z-2015 t.b.

Bul qatarlardi’ usi’ ta’rtipte to’li’qti’ri’wg’a boladi’.

## JUWMAQ

Qaraqalpaq tili – Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ bir-biri menen pikir ali’si’w tili boli’p, usi’ aymaqta jasawshi’lar ushi’n ma’mleketlik til si’pati’nda qabi’l yetilgen. Bul O’zbekistandag’i’ «Bilimlendiriw haqqi’ndag’i’ Ni’zam» da da Bilimlendiriw ma’kemelerinde woqi’w procesi ma’mleketlik tilde ali’p bari’latug’i’nli’g’i’ ayri’qsha atap wo’tiledi.

Qaraqalpaq tili jazi’wi’, usi’ jazi’wg’a tiykarlang’an imla ha’m woni’n’ qag’i’ydalari’ arqali’ rawajlani’p, jetilisip baradi’. Sebebi ha’r qanday tildin’ wo’zgeshelik belgileri jag’dayi’ menen birlikte imlasi’nda da ko’rinedi.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ temasi’ «Uli’wma bilim beriw mekteplerinde orfografiyani’ woqi’ti’w» dep atali’p, temani’ wori’nlaw bari’si’nda to’mendegi juwmaqlarg’a keldik.

1. Qaraqalpaq tili jazi’wi’ tariyxi’, bu’gingi ku’nge shekem qabi’l yetilgen a’lipbeler, wolardi’n’ bir-birine uqsasli’q, wo’zgeshelik ta’repleri, qa’liplesiw jollari’n mektep woqi’wshi’lari teren’ biliwi kerek;

2. Qaraqalpaq tili alfaviti, orfografiyasi’ boyi’nsha ilimiy pikirler bildirgen tilshi ilimpazlardi’n’ miynetleri u’yrenilip, qi’sqasha sholi’w jasaldi’.

3. G’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq jazi’wi’ndag’i’ wo’zgerisler, woni’n’ wori’nlani’wi’ boyi’nsha a’melge asi’ri’lg’an ilajlar, jumi’slarg’a itibar qarati’ldi’.

4. 1994-ji’ldag’i’ lati’n a’lipbesine tiykarlang’an a’lipbe ha’m 2009-ji’li’ oktyabrdegi jan’a a’lipbedegi qabi’l yetilgen wo’zgerisler, woni’n’ bu’gingi zaman talaplari’na sa’ykes yekenligi, abzalli’q ta’repleri ayti’ldi’.

5. Ma’mleketlik tillerdin’ wori’nlani’wi’nda imlani’n’ worni’, xi’zmeti, a’hmiyeti ali’p ko’rsetildi.

6. Bu’gingi ku’nge shekem jazi’w tariyxi’mi’zda qollani’li’p kelgen a’lipbeler boyi’nsha du’zilgen imla qag’i’ydalari’nda ha’r birinde basshi’li’qqa ali’ng’an orfografiyali’q principler u’yrenildi.

7. Ha’rekettegi lati’n a’lipbesin (2009) usi’ tiykarda «qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’» woni’n’ aldi’n’g’i’ imla qag’i’ydalari’nan ayi’rmashi’li’q ta’repleri, kirgizilgen toli’qti’ri’wlari’ ko’rsetildi, woni’n’ a’hmiyetliligi, da’wir talabi’ yekenligine itibar berildi.

8. Ma’mleketlik tillerdin’ bilimlendiriwde, uli’wma bilim beriw mekteplerinde u’yreniliwi, bu’gingi ku’nde wori’nlani’w bari’si’ so’z yetildi.

9. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqari’ Ken’esinin’ «Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda»g’i’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirigiziw tuwrali’ 2009-ji’ldi’n’ oktyabrinde qabi’l yetilgen qararg’a muwapi’q lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw boyi’nsha imla qag’i’ydalari’ni’n’ bu’gingi ku’nde turmi’si’mi’zdag’i’ kompyuter texnologiyalari’ rawajlang’an bir da’wirde jazi’wdi’ jen’illestiriw, paydalani’wshi’lar ushi’n qolayli’ ta’replerin na’zerde tuti’p a’piwayi’lasti’ri’lg’an ta’repleri ayti’ladi’.

10. Uli’wma bilim beriw mekteplerinde 5-6-7- klasslarda imla temasi’n woqi’ti’li’wi’ boyi’nsha bir qatar usi’llar, metodikali’q jo’l-jobalar ko’rsetildi.

Demek, lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw boyi’nsha imla qag’i’ydalari’ndag’i’ du’zetiwlerdin’ informaciyali’q texnologiyalar tarmaqlari’na beyimlestiriw – bul ana tilimizdin’, woni’n’ jazi’wi’ ha’m imlasi’ni’n’ aldag’i’ waqi’tlarda da rawajlani’wi’na negiz boladi’ dep yesaplaymi’z.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tili jazi’wi’, orfografiya qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’–bul ma’mleketlik tildin’, turmi’sti’n’ barli’q salasi’nda a’melge asi’wi’nda yen’ tiykarg’i’ deregi.

Al ha’rekettegi lati’nlasqan qaraqalpaq jazi’wi’ tiykari’ndag’i’ imla qag’i’ydalari’ ken’ ja’miyetshiliktin’ ha’r bir qatlami’ndag’i’ a’wladti’, mektep

woqi’wshi’lari’n sawatli, qa’tesiz, a’debiy til normalari’ arqali’ duri’s jazi’wg’a u’yretiwde u’lken ja’rdem beredi.

Til bilimin izertlew ma’selesinde jazi’w, a’lipbe, woni’n’ tariyxi’y basqi’shlari’, imla qag’i’ydalari’ni’n’, a’sirese, woni’ woqi’ti’w metodikasi’n islep shi’gi’w siyaqli’ ma’seleler yele de izertlewdi ku’tip turg’an ta’repleri ko’p.

## Paydalang’an a’debiyatlar dizimi


1. Karimov İ.A. Yuksak manaviyat yengilmas kuch. T. 2008.
2. Abdinazimov Sh. N. Qaraqalpaq tili tariyxi’. (Oqi’w qollanba) No’kis, 2002. 62 bet.
3. Ayi’mbetov M. İmlami’zdag’i’ modernizatsiya -da’wir talabi’ // «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’. 21-aprel, 2011 j, №4 (19043).
4. Баскаков И.А. Каракалпакский язык. Т. Фонетика и морфология. Москва, 1952, - 543 s.
5. Berdimuratov ye., Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq tili fonetika. Leksikologiya. No’kis. 1979. -343 b.
6. Berdimuratov Ye. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. No’kis, Bilim, 1994. 175 bet.
7. Виноградов И.А. Сингармонизм и фонология слова. Автореферат дисс. канд. филол. наук. Москва, 1966, -20 с.
8. Даулетов А. Вокализм каракалпакского языка. Самарканд. 1976, -166 с.
9. Da’wletov A. Qaraqalpaq tilinde singarmonizm. No’kis, 1993.
10. Даулетов А. Звуковой строй современного каракалпаксого литературного языка. Автореферат дисс. док. филол. наук. Алматы, 1994, -48 с.
11. Da’wletov A. So’z dawi’sli’ seslerdin’ jumsali’wi’ haqqi’nda. «Erkin Qaraqalpaqstan», 1995, 19-avgust.
12. Da’wletov A. Ha’zirgi qarakalpaq a’debiy tilinin’ seslik du’zilisi. No’kis, 1995, -280 b.
13. Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ ayi’ri’m uli’wmali’q ha’m jekkelik fonetikali’q qubi’li’slari’. –Ha’zirgi qaraqalpaq tili rawajlani’wi’ni’n’ ayi’ri’m ma’seleleri. No’kis, 1993, 26-33- b.
14. Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, 1999, -391 b.

15. Da’wletov A., Seytnazarova İ. «Qaraqalpaq tilinde ayi’ri’m fonetikali’q terminlerdin’ jumsali’w wo’zgeshelikleri»//«Tillerdin’ wo’z-ara qatnaslari’ jag’dayi’nda ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ terminologiyasi’n ta’rtiplestiriw ma’seleleri» konferenciya. Tezisleri. No’kis, 1992, 21-23-betler.

16. Da’wletov A., Atabaev Q. Qaraqalpaq tilindegi dawi’sli’lar singarmonizmnin’ imla qag’i’ydalari’nda sa’wleleniwi ma’selesine// O’zRİAQQB Xabarshi’si’ jurnali’. No’kis, 2004. №3-4, 127-bet.

17. Da’wletov A. Jazi’wdi’ jetilistiriwdin’ ayi’ri’m mashqalalari’ //. Til ha’m a’debiyat jurnali’. No’kis, 2010, 3-8-betler.

18. Da’wletov A. «Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’» na qi’sqasha tu’sinik. – «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’. 24-mart, 2011, №32 (19031).

19. Da’wletov M. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’n du’ziwdin’ teoriyali’q tiykarlari’.–Вестник Каракалпакского отделения Ан Республики Узбекистан», 1998, №4, 103-108 b.

20. Da’wletov M., Da’wenov Ye. Qaraqalpaq tilinin’ imla so’zligi. No’kis. 1997.

21. Da’wletov M. Qaraqalpaq orfografiyasi’ni’n’ principleri. No’kis. O’zRİAQQB Xabarshi’si’. 2002 j, 1-2 san, 106-109-betler.

22. Dospanov Wo., Qa’lenderov M., Yesemuratova R., Da’wletbaeva Q. Qaraqalpaq tilinin’ qi’sqasha orfografiyali’q so’zligi. No’kis, 1989, -100b.

23. Dospanov Wo. Ma’mleketlik til ni’zami’ni’n’ geypara ma’seleleri//-«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’. 30-noyabr, 2010-ji’l №143 (18381).

24. Dospanov Wo. Lati’nsha qaraqalpaq a’lipbesin u’yrenemiz. No’kis. 2004, 22-bet.

25. Qaraqalpaq a’debiy tilining alfaviti ha’m orfografiyasi. Tu’rtkul, 1940.

26. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’. No’kis, 1994, -24 b.

27. Qaraqalpaq tilinin’ orfografiyali’q so’zligi. No’kis, Qaraqalpaqstan, 1990 j.

28. Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’. No’kis, Bilim, 2011 j.

29. Malov S.E. Заметки о каракалпакском языке. Нукус, 1966, -45 с.

30. Насыров Д.С. Об усобершенстование и унификации алфавита каракалпакского языка//Вопросы совершенствования алфавитов тюркских языков ССР. Москве 1972, 75-78-betler.

31. Насыров Д.С. Становление и развитие каракалпакской писменности. Нукус, Каракалпакстан, 1987, 36-bet.

32. Насыров Д.С., Бекбергенов А. Каракалпакское языкознание, Нукус, Каракалпакстан, 1989.

33. Nurmaxanova A’., Nieytullaev S. Qaraqalpaq tilinin’ orfografiyali’q so’zligi. No’kis, Qaraqalpaqstan, 1959 j.

34. Поливанов Е.Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка//-Труди Хорезмской экспедиции. Ташкент, 1933.

35. Трубетской Н.С.Основы фонологии. Москва.1960.-372 b.

36. Ubaydullaev K. Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika, No’kis, 1965, -105 b.